ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№13 (23.983) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Комиссэхэм

ШэпэІудзу дыхущытыпхъэщ

Уз зэрыцІалэхэм ялэщІэтынымкІэ ведомствэ зэхуаку санитар комиссиу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм деж щыІэм и зи чэзу зэхьыхэ щІышылэм и 31-м екІуэкІащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и Премьер-министрым и къуэдзэ Хьубий Марат, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам, Іуэхуэр зэгъэщыІнІа ведомствэ зэмыліужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэм Іуэхугъуищым щыхэплъащ.

«СПИД-мрэ узыфэ зэрыцІалэхэм ялэщІэтынымкІэ центр» Іуэхущ1ал1эм, КъБР-м Узыншагъэмкі э и министерствэм деж щыІэм, и дохутыр нэхъыщхьэм и лэжьакІуэ пІалъэкІэ зыгъэзащІэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм штатым хэмыт и Іэщіагъэлі-инфекционист нэхъыщхьэ Иуан Маринэ щхьэтечу тепсэлъыхьащ ВИЧ-узыфэм ди республикэм щыщемыгъубгъунымкІэ щрагъэкІуэкІ Іуэхугъэхэм, а лэжьыгъэм нэхъри егугъун зэрыхуейм.

- Узыр зыпкърытыр нэхъ пасэу кІэхуэтэныр, зэрыгурыІуэгъуэщи, шэсыпІэу къуэвыфынущ абы адэкІи земыгъэбгъунымкІэ. Къэнэжьыр сымаджэр щхьэхуэ щІауэ еІ ззэзныр аращи, а льэныкъуэмкІи дыкъызыхуэтыншэу схужьІэнукъым. ЕтхьэлІэну хущхъуэхэмкІэ ирикъуу дыкъызэгъэпэщами, узыр зэфыкІым анализхэр къыщыІах лабораториер зыхэт унэм деж къыщыщІэдзауэ сымаджхэр щалыгъым деж щиухьажу, ухуэныгъэ зы дыдэ хъуащ, уеблэмэ абыхэм яхэтщ Хэку зэрэушхуэм итэкІэ ящІахьэрэ. Арп щхьэусыгъуэ тхуэхъуарэ, УФ-м ВИЧ-м щебэнымым мыхьэнэ ин зэрыщратри къэтлъытауэ, дэ мы зэІущІэм къыщыдогъэув зи гугъу тщІы ныкъусанигъэм хуэдэхэр къызэнэкІыным ди республикэм нэхъри тегъэчыныхьауэ ящІ щитыпхъэу.

Жьэн уз зэфыкІхэм щеІэзэу Налшык дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КІэбышэ Валерэ къытеувыІащ езыр зи пашэ Іуэхущ1ал1эр зыІуэу гугъуехьхэр зыхуэдэм.

- Дэ мы лъэхъэнэм нэхъ дыкъэзыгъэгузавэхэм ящыщщ дызэІэзэхэм етхьэлІэн хущхъуэхэмкІэ, даэзрыкІэлъыплъын ІэмэпсымэхэмкІэ ирикъуу дыкъызэрызэмыгъэпэщар, ди деж щылажьэхэм я улахуэр зэрыщІыкІым къыхэкІыу, Іутхэм я процент 63-р зи ныбжь хэкІуэтахэр арауэ зэрыщытыр, сымаджэхэр щызэтеубыдауэ щхьэжуэу щытІыгъ хъун пэшхэр, пщІантІэ кІуэцІкэр къызэрыдэмэщІэкІым и зэранкІэ, жьэн уз зыпкърытхэр хуиту къалэм зэрыдэтыр, - къыхигъэщащ КІэбышэм.

«Роспотребнадзор»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм и управленэм и пашэ Пагуэ Жыраслъэн тепсэлъыхьащ Китайм зыкъыщыхьэта, «2019-nCoV - коронавирус» зыфІаща узыфэщэ пщІэтынымкІэ а Іуэхуэр зэгъэщІылІа ведомствэхэмрэ щІыпІэ администрацэхэмрэ зэуІуу зэдалажьэным мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэнур.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 4, *гъубж*

♦Лышх узыфэм пэщІэтынымк и дунейпсо махуэщ

♦Японием щагъэлъапІэ илъэсыщІэр къыщихьэ махуэр - Гъатхэм и махуэр

♦1719 гъэм Пётр Езанэм Іэ щІидзащ Урысейм щыпсэуэхэр бжьыным теухуа унафэм. Нэхъапэм апхуэдэ лжьыгъэ къэзыгъэ хьжьыкъуэмэ) щытІыгъыну сымаджэщхэр дэтхэнэрами, апхуэдэхэм даэзрелэзэну хущхъуэгъуэхэмкІи зыкъызэдгъэпэщащ. Нэлшык дэт кхъуэхьлъатэ къеІтІысхьыпІэм деж зэпымыууэ лажьэу къыщыхэзІутхащ нэгъуэщІ щІыпІэ къыльэтыкІхэм, вирус апкърыт-апкърымыт и лъэныкъуэкІэ, я узыншагъэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыщІыхуащІыфыну щІэплъыкІыпІэ щхьэхуэ. ТхужьІэнущ ар зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэ псомкІи ирикъуу кІыззэгъэпэщауэ, - жиІащ Пагуэм.

ЗэІущІэм къриКІуэхэр щызэхилъхьэжьым, Хьубий Марат къыхигъэщащ узыфэ зэрыщІэтынымкІэ а Іуэхуэр зэгъэщІылІа ведомствэхэмрэ щІыпІэ администрацэхэмрэ зэуІуу зэдалажьэным мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэнур.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

♦**1976 гъэм** Инсбрук (Австрие) къыщызэІуахащ XII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Зэпеуэхэр мазаем и 4 - 15-хэм екІуэкІащ.

♦**2004 гъэм** «Facebook» сетым, дунейм щынэхъ ин дыдэм, лэжьэн щІидзащ. Ар къызэзгъэпэщащ США-м щыщ программист Цукербург Марк.

♦Къэрал, дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым ТІэунейрэ и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Ворошилов Климент** къызэрыгъэхурэ илъэс 139-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Белгъэрокъуэ Евгение** къызэрыгъэхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, РСФСР-м и щыхьэ артист **Кваша Игорь** къызэрыгъэхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, зэдзэкІакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэлбахъуэ Елберд** къызэрыгъэхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, композитор цІэрыІуэ, Азербайджаным и цІыхьэ артист, а къэралым щэнхабзэмкІэ и министру щыта **Полад Бюль-Бюль оглы** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щыхь зиІэ и мастер, Олимп Джэгуэхэм лъэрыжкІэ мылым къыщыфэн лІэужьыгъуэмкІэ тІэунейр я чемпион хъуа **Гриньков Сергей** къызэрыгъэхурэ илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэхъ къыщешынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 1 градус щыхьэнущ

Мазаем и 5, *бэрэжьей*

♦**Урысейм ягу къыщагъэкІыж зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда дипкурьерхэр (дипломат къулыкъум и пощтхэр къезыщэкІхэр)**

♦**Мексикэм и Штат Зэгуэтхэм я Конституцэм и махуэщ** (1917 гъ.)

♦**1919 гъэм** Европэм щыяпэу Германием къыщызэІуахащ цІыхухэр къызэрыращкІ къхъуьлъатэхэр зытет линзхэр. Абы папщІэ къагъэсэбэпат Япэ дунейпсо зауэм ЩекІуэ къхъуьлъатэхэр.

♦**1943 гъэм** къагъэсэбэпу щІадзащ «ТекІуэныгъэм и гъэзгу» зыфІаща гъуэгу гъэзгу линэр. Абы мыхьэнэшхуэ иІащ нэмыцэдзэм къитІысыхьа Ленинград къалэр а къапхъэным къикІыныжьмкІэ. Гъэзгум къыщыщІидзэрт Поляны платформэм икІи Нева псым и сэмэгурабгъу, Ладогэ и ижьырабгъу ІуфэхэмкІэ екІуэкІырти, Шлиссельбург нэс кІуэрт.

♦**1960 гъэм** СССР-м и Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетыр (РУДН).

♦**1991 гъэм** Кыргызыстан и къалащхьэ Фрунзе (1926 гъэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэу еджау щытащ) къалэм и цІэр Бишкек жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦Урыс тхакІуэ, литературэ критик, публицист **Добролюбов Николай** къызэралъхурэ илъэси 184-рэ ирокъу.

♦Шотландием щыщ къэхутакІуэ, автомобилхэм щІалъхьэ хьэфэ шэрхъэхэр къызэгупсыса, ахэр къыщІэзыгъэкІыу щІэзыдза **Данлоп Джон** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ Іэпщ1ъэлъапщІэ, «Максим» пулемётыр зэпкърызыІулъха **Максим Хайрем** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Франджы промышленник, «Ситроен» концернымкІэ къызэзыгъэпэща **Андре Гюстав Ситроен** къызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Морозов Александр** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкІэ щылэжьа, УФ-м и цІыхубэ артист **Токъуий Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тэрчыкъуэ Исуф** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Португалием щыщ, дунейм щынэхъ Іэзэ дыдэ футболистэм хабжэ, Испаниен и «Реал Мадрид» командэм щыджэгу **Роналду Криштиану** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Гъэшыр зыщыбэм цІыхур щыбейщ.

«ЦІыхубэ бюджетым» теухуа законопроектыр Къэрал Думэм къыщыхалъхьэ

«Урысей зэкъуэт» партым мазаем и 3-м Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ «ЦІыхубэ бюджетым» теухуа законопроектыр. Партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрей къызэрилъытэмкІэ, ар сэбэп хъунущ бюджет Іуэхум езы щІыналъэм щыпсэу ЦІыхухэр къыхэзыныкІэ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, жылагъуэм, районым, щІыналъэ щхьэхуэхэм ис цІыхухэм нэхъыфІу яІэ нэхъ яп1э игъэщІын хуей Іуэхухэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ.

«ЦІыхубэ бюджетым» теухуа законопроектыр сэбэп хъунущ а лэжьыгъэм къэрал псом зыщегъэубгъунымкІэ. Дэтхэнэ муниципалитетми, дэтхэнэ къуажэми цІыхухэм езыхэм щагубзыхуфынущ псэуалъэхэр зэгъэпэщыжьныныкІэ, зэІузэпэщыныгъэмкІэ Іуэхухэр зэрызэкІалъыгъэкІуэпхъэр. Нобэм къэс апхуэдэ проектхэр зы хабзэ гуэрым тету ягъэхьэзыру щытакъым. Абы къыхэкІыу цІыхухэм къагъэувхэр къэлъытауэ къагъэсэбэпыр бюджетахъшэм и зы процентырщ. Путин Владимир къиГэуващ цІыхухэм къыхалъхьэ проектхэр гъэзэщІэным хухахахъшэр хуэдитхуКІэ нэхъыбэ яІащІыну. Ди закономроектыр зыхуэунэтІар а мурадырщ», - жиІащ Турчак Андрей.

«Урысей зэкъуэтым» и фракцэу Къэрал Думэм щыІэм и унафэщІым и ялэ къуэдзэ, Къэрал Думэм Шынагъэншагъэмрэ корпущэм пэщІэтынымкІэ и комитетым хэт Щхьэгъуэш Адэлбий а жэрдэмым теухуауэ жиІащ:

«Мыр Іэху тэмэму икІи зи чэзууэ къызэлъытэ. Езы щІыналъэхэм щыпсэуэхэр къуажэр зэІузэпэщ щІыныкІэ, гъащІэр егъэфІэкІуэныкІэ лэжьыпхъэхэм нэхъыфІу щыгъуазэр. Ди щІыналъэм и гугъу пщІымэ, дигу къэдгъэкІыж хъунущ къуажэ зэхьыхьэхэр щІэх-щІэхыуэрэ ирагъэкІуэкІыу икІи абыхэм къыщІэІэта Іэхуэхэр ялэ ирагъэщу щыІа хабзэр. Апхуэдэ Іэмалыр иджыри щІэгъэкъуэн къэтщІ хъуну къызэлъытэ».

Фигу къэдгъэкІыжьынщ УФ-м и Президентым и дежи щІыпІэ унафэр зэрызэрагъэкІуэр егъэфІэкІуэныкІэ щыІэ советым и зэІущІэм Турчак Андрей мы жэрдэмым Путин Владимир щыгъуазэ зэрыщищІауэ щытар. «Урысей зэкъуэт» партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарьр Президентым ельэІуащ а жэрдэмыр къадиІыгъыну. «Сыарэзыщ», - жиІауэ щытащ абы щыгъуэ Путин Владимир.

ПЕЧОНОВ Владилен.

«Урысейм и пашэхэр-2020» зэпеуэм КъБР-м щыщу хэтынухэм я цІэхэр къраІуэ

Унафэщ1 лэжьыгъэм нэхъ хуэкІуэхэр къыхэхыным теуху, «Урысейм и пашэхэр-2020» зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэ 2020 гъэм мазаем и 1 - 2-хэм Псыхуабэ къалэм щекІуэкІащ. Ставроль крайм, Дагъыстэн Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм, Шэшэн Республикэм, Ингуш Республикэм я лІыкІуэу абы 263-рэ хэтащ.

НЭХЪ япэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэм ящыщу финал ныкъуэм щытекІуахэщ Мусуковэ Жаннет (Терскол, «Эльбрус» курорт»), Тау Анзор (Налшык къалэ, ОТП Банк акционер зэгухьэныгъэ), Уяновэ Елизаветтэ (Налшык, «Майскэ» банк» ООО), Хуртаев Кантемир (Налшык, ЩІалэгъуалэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным телажьэ урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэ).

ЩІыналъэ зэпеуэм щытекІуахэм хъуэхъу псалъэхэмкІэ зыхуагъэзащ «Урысейр Іэмалышхуэхэм я къэралщ» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ Садовский Александр, Урысейм и Къэрал Думэм и депутат, «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и КІэлъыплъакІуэ советым хэт Журовэ Светлана сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ал1эр.

● Бахъсэн щІыналъэ

Нартыхум фейдэ къыхах

Бахъсэн щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщІхэм ящыщщ.

ГъЭ КІУАМ мы щІыналъэм гъавэхэкІэ джэшхэкІыу тонн мини 197,9-рэ къыщрахьэлІэжащ. Ар проценти 9,3-кІэ нэхъыбэщ ипэ ита ильэсым нэхърэ - зы гектарым хуэзэу къытрахащ центнер 72,5-рэ.

ЩІыналъэм и мэкъумэш Іэнатіэхэм гулъытэ хэха хуащІ нартыхум - 2019 гъэм гектар мин 26-м нэблагъэм щащІат. БжьыхьэфІ къаззэрыхьлІам и фыгъэкІэ, гъавэр кІэрыхуншэу Іуахыжащ, зы гектарым хуэзэу къытрахащ центнер 72 - 74-рэ нэхъ икІэ мыхъуу.

Районым и мэкъумэш хозяйствэхэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ мы дыэытехьа илъэсыщІэми нэхъыбэу нартыхум зэрыгъэгъащІэнэм шэч хэлъкъым - абыхэм яхэтщ зы гектарым хуэзэу центнери 100-м нэс гулъытэхэр ящІ. Апхуэдэ екъулІэныгъэм кьежьапІэ хуэхъуар хьэсапкъэхэм и чэзум псы зэрыщІагъэльэдарщ.

«Псы ирикъуу зыгъэуІ гъавэ щапІэхэр нартыхуу къытрахыр центнер 30-40-кІэ нэхъыбэщ. Абы къыхэкІыу ди мурадщ процент 80-кІэ ди гъавэ щапІэхэр псыкІэ къызэдгъэпэщыну», - жиІащ Бахъсэн щІыналъэм мэкъумэшымрэ ерыскъыхэкІэмкІэ и управленэм и унафэщІ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къаскъуэл Хьэмидий.

Мы Іуэхум екъэлІауэ иджыпсту районым ХьэтІохъущыкъуей кІэнауэр ягъэкъабзэ, игъэзэ сэкъатхэр зэрагъэпэщыж.

НЫР Іэуес.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и ятэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ихащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: гъатхэпэм къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1ал1эми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэлІейкІэ 20-рэщ.

Ди индексыр П 5894

«Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№88-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетыр къызэрыщызэрагъэпэщымрэ бюджет лэжьыгъэр зэрыщрагъэкІуэкІымрэ и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетыр къызэрыщызэрагъэпэщымрэ бюджет лэжьыгъэр зэрыщрагъэкІуэкІымрэ и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзащІ.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№90-П-П

Къуажэхэм щыІэ школ мыинхэм я лэжьэкІэм хоплъэ

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и зи чэзу зэІущІэр къыщызэригъэпэщащ Прохладнэ муниципальнэ районым хиубыдэ Заречнэ къуажэм и еджапІэм. Ар теухуауэ щытащ сабий бжьыгъэу мащІэ фІэкІа зыщІэмыис классхэр зиІэ школхэм я лэжьэкІэм. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІУЩІЭМ щІидзэн ипэкІэ парламентархэмрэ кърагъэблагъа хьэщІэхэмрэ Малакановскэ, Дальнэ къуажэхэм я школхэм щыІащ, абыхэм я лэжьэкІэм щыгъуазэ защІащ, педагогхэмрэ сабийхэмрэ епсэлъащ.

ЗэІущІэр къыщыізэІуихым мы Іуэхур езыгъэжьа комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ** жиІащ:

- Къуажэ мыиным къыщалъхуами, къалэшхуэм дэсми, дэтхэнэ зы сабийми еджэнымкІэ Іэмал псори иІэн хуейщ. Иджыпсту къуажэ школ мыинхэм е къалэ еджапІэхэм лэжьыгъэр щегъэкІуэкІыныкІэ стандарт щхьэхуэхэр щыІэкъым. Стандартыр зыщ - сабийхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ егъэгъуэтынырщ.

Комитетым и унафэщІым къыхигъэщхьэхуэкІащ къызэрыгуэкІ школхэм елытауэ сабий бжьыгъэ мащІэ фІэкІа зыщІэмыс классхэр здэщыІэ школхэм еджэныгъэ ин зэрэІэр. Ар егъэджакІуэр дэтхэнэ еджакІуэми щхьэхуэу дэлажьэну Іэмал зэригъэуІуэтырщ.

Прохладнэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэ **Журавлёв Андрей** КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ мы зэІущІэр къуажэм щрагъэкІуэкІыну зэрыгъэуІуэну папщІэ. Абы къыхигъэщхьэхуэкІащ лажьэн и лъэныкъуэкІэ яІэ Іэмал-хэмкІи, школхэр зыхуэй-зыхуэфІэхэр къызэрызэгъэпэщамкІи еджапІэхэм зэщхьэщыкІныгъэ щІэзыІэ зэрымыхъунур.

Зэпкърах Іуэхум теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щищІащ КъБР-м щІыхьэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **ШэнтІыкъу Иринэ.** Абы зэрыжиІамкІэ, еджакІуэхэр ирикъуу зы-щІэмыс (класс зыбжанэ зэхэдзауэ щрагъаджэ) школ мыину КъБР-м 32-рэ щолажьэ икІи абыхэм сабийуэ 3042-рэ йокІуэлІэ. Школ мыинхэм щолажьэ педагог 560-рэ.

Муниципалитет зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэ школхэм я щытыкІэр зэхуэдэкъым икІи школ мыинхэр къэзылъхьэ гугъуехьхэр зэмылІэужьыгъуэщ. Абыхэм ящыщу къэбгъэльэгъуэфынур зыщ - педагогым предметтІкІэ е нэхъыбэкІэ иригъэджэн хуей зэрыхъурщ. Ар зыпыщІар лэжьакІуэхэм я улахуэр ягъэуІуэ марадзэм нэгъэсын зэрыхуейрщ. Дэтхэнэ зы педагогми мыпхуэдэ школым зы предметкІэ фІэкІа щримыгъаджэмэ, абы и лэжьапщІэр ехуэхынущ.

Школ мыинхэм зегъэужьыным иджыпсту республикэм гулъытэ хэха щыхуащІ. БлэкІа илъэсым «Егъэджэныгъэм зегъэужьыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм хиубыдэу федеральнэ бюджетым ящиутІыпща субсидиехэм я хьэкІэ КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ къуажэ школ мыину 6-м я спорт залхэр зэрагъэпэщыжащ, спорт Іэмэпсымэхэр къащІахущ. 2020 гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр школ мыину 3-м щрагъэкІуэкІынущ.

«КъБР-м и Прохладнэ муниципальнэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзэнэ Іуэхущ1ал1эм и унафэщІ **Золко Татьянэ** зэрыжиІамкІэ, иджыпсту районым мыгъуэдэ школ мыину 6 щыІэщ икІи абыхэм дэтхэнэми еджакІуэ 54-м щегъэжьауэ 123-м нэс щІэсщ. Псори зэхэту къуажэ школ мыинхэм сабий 503-рэ, зи школ кІуэгъуэу мы куейм ис псоми я проценти 10-р щоджэ. А школхэр щылажьэр жылагъуэ нэхъ щыкІу дыдэхэрщ. Ауэ еджапІэхэм я гунэхэр блэкІа лІэщыгъуэм и 60 - 90-нэ гъэхэм ящІауэ щытами, абыхэм тынышпІэ псори къыщыізэгъэпэщащ.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Емуз Нинэ** зэІущІэм хэта псоми фІыщІэ яхуищІащ псалъэмакъ купщІафІэ зэрыригъэкІуэкІам папщІэ икІи къыхигъэщхьэхуэкІащ нэрылъагъу кІащІа гугъуехьхэр къызэнэкІа хъун щхьэкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр убзыхупхъэу къызэриІытэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ал1эр.

75

Оганьянц Грант иджыри къулыкъу ещIэ

Налшык дединститутым къыщыдеджахэми, иужькIэ дзэм къулыкъу къыщыдэзыщIахэми Оганьянц Грант нэмысшхуэ, хьэлщэн дахэ зыхэлъ щIалэу щытаэу ягу къабзэкIыжырт - гупыр игъэгупфырт, ныбжьыгъур игъэпэжыфырт, езым и щхьэм темылъ трилъхьэртэкъым, ауэ зыми шыбгъэ зыкъырригъэлъхьэнутэкъым.

СПОРТЫР фIыуэ илъагъурт. Ар ихэтащ 1937 гъэм кхъуафэжьбейэмкIэ Тэрч техьэу псы гъуэгу защIокIэ Мэзкуу нэса цIыхуиблым. Улепуану, гушхуи пкIуэ щIылъу ущытхи хуейт Тэрчрэ Каспий тенджызымрэ кьызэбнэкIыу, иужькIэ Индыл утехьэу, ар зи кIыхьагъым кхъуафэжьбейкIэ удэсеин щхьэкIэ. ИкIи дзеэрэхэщ. Мэзкууи гуапэу иригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъарым и лIыкIуэхэр...

Институт нэужьым Оганьянцыр Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэну ираджэ. Къэрал гъунапкIэм пэгъунэгъу Береза-Картуссэкэ къалэм къулыкъу щищIащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Брест и гъунэгъуу лъэсыдзэм зыщегъасэ. Зегъаезэ Іэщэм хуэIэижьу. Унэм къигъэхьауэ щыта письмохэм ящыщ зым абы щетх: «Нобэ гъэунэхунIэ сихуащ - япэу къэрэгъулым сыщыIащ. ФокIадэм и 5-м нэщанэ еуэнымкIэ дыкъащыратти, фочкIэ кьибуд хъуну бжьыгъэ 30-м щыщу 30-р кьиузадащ. Пулеметри фIы дыдэу згъэуащ ...».

Куэтэншы Хьэмидрэ Грантрэ зы полк хэтащ. Полкым и еджапIэри кьыздаухащ. Абыхэм ныбжьэгъу кьахуохъу Логвинов Иван. Абы игу кьыгъэкIыжырт: «Институт къэзыуха Хьэмидрэ Грантрэ къулыкъур кьатехьэлъэкъым. НыбжьэгъуфI схуэхъуа а щIалэхэм сэри сащIыгъуу, илъэсым дджынр мазитIым зэдгъащIэри, щыри училищэ дыщIагъэтIысхьащ...»

А еджапIэм щагъэхьэзырхэм къахэкIын хуейт кхъухьлъатэзехуэ дзэхэм папщIэ политлжэкIуэхэр. Кхъухьлъатэм епха Іуэху псори - ахэр зэрызэкIрылыим бжьыгъэ кьыщыздаухэу зыгъэпсынтэ, кхэзыгъэтIысыжьи ІэмэпсымэхэмкIэ иухыу - зрагъэщIэну я кьалэнт. ИкIи зрагъэщIат. Ауэ училищэр зауэм кьаригъэуэкахьым. Абы зэпэщIи ищIащ.

... Пейтенант Оганьянц Грант занщIэу зауэм ягъэкIуакъым. Абы щыгуэм дзэр нэхъ зыхуэнкIыуэр танкист Іэщагъэм хурагъэджащ.

ЕпщыкIуэзанэ кьэзакъ шу дивизием и 71-нэ танк полкым хэту Грант зауэм Іуохьэ. Взводым и командиру кьыщIидзэри, танк ротэм и унафэщI хъуауэ щытащ.

Оганьянц и взводыр сыт щыгуэ нэхъ пэрытхэм, ебгъэрыкIуэхэм ящIыгъут. Шууейхэм я гъащIэр ихьуумэу езым Іэджэрэ шэпэIудз зищIащ.

... Ар къыщыхъуэр Кальмиус псы зэпрыкIыпIэм дежщ. Адрыщ ныджэр зыIэщIэль фIым и топхэмрэ пулеметхэмкIэ шу гуп кьызэрыкъуэхэм яхуэуэрэ хьэлэч зэтрищIэрт. Уанэгу пцIанэ хъуа шыхэр щыщу губгъуэм илъэдэжхэрт. Абы щыгуэм ди танкхэм сытыт яIэр? ЕбгъэрыкIуэну хуежьэрт, ауэ утыку пцIанэм зэрынэсу топышэхэмрэ лагъыимхэмрэ къатещащэу щIадзэрти, кьимыкIуэтыжу хъуртэкъым.

Грант лъэныкъуэкIэ бийм кьыпикIухьыну хуэжьэ, ауэ зэпрыкIыпIэ игъуэтыркъым. Топым кьыхиудауэ гъуэгум телъ псей жыгыжьхэм зэуэ щынэхъыфIт: зыхъумэжьпIэ ищIа зы щIыпIэм икIмэ, кьыкIэлъыкIуэ быдапIэхэри и хьэзырт. ЗэрикIуэта щымыIэу ди дзэхэм къапэтIысыжырт. Апхуэдэ зэуэкIэм ди сэбэп зэрыхэмылъыр кьызыгурыIуэ ди дзэ Іэтащхьэхэм унафэ ящI бийм кIэщIу и ужь иту ебгъэрыкIуэн хуейуэ.

Ротундэ-Ажюдень щIыпIэхэм пэгъунэгъу Серет ущызэпрыкIынырэ Іуэху гугъут. Бийм къурышIуэ щIыпIэр хъарзынэу кьигъэсэбэпырт. А псым нэсмэ, ди дзэхэр нэщанэуапIэ хъун хуэдэу и дзэр кьигъэтIысат икIи ди танкхэр гъунэгъу зэрыхьуу и топхэмрэ миномётэхмкIэ кьэуэн щIидзащ. Ротэм и унафэщIым кьыгурыIуэрт абдеж зыщралъэфыхьмэ, хэщI зэралэнур. ЕбгъэрыкIуэу, мыдрей ди дзэхэр кьэкIуэлIэху, псы зэпрыкIыпIэр иубыдыну мурад ещI. «СыкъаукIынщ» жиIэу мышынэу езыр хохьэри псым и кууагъри кьепщытэ.

Фашистхэм я пщIыхьэпIэ кьыхагъахуэртэкъым а дзэ пакIэ щыкIым кьэрикуну. Зэуэ танкхэр кьэгъэзанIэхэм кьэзыхьэзыхьэхри, шэр кьаэзэрытелъалъэм хуэдэу, зэрехьэжьауэ псым зэпрокIхэр. Нэмыщэхэр икIуэту уеужьащ. Асыхьэтым къэкIуэлIа ди лъэсыдзэри танкхэм яужь иуващ. АршхьэкIэ кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ хъурт кьурышIуэ щIыпIэм танккIэ ущIэзэуэну. 1944 гъэм шыхьэуIуэм и 26-м капитан Оганьянц и ротэр зауэ гуащIэ хэхуащ. Лагъымхэр зыщIалъхьа, быдапIэ пьэщу иращIэкIа щIыпIэр кьызэнэкIын хуейт. Абы унафэ ещI топхэмкIэ еуэурэ кIуэцIрыкIыпIэ пхракъутыкIын хуейуэ. Апхуэдэуи ящI. Езыр зэрыс танкыр яIэ иту дэкIыпIэмкIэ яунэтIри, бий къапэтIысахэр ирахужьэ.

Шэджагъуэ нэужь хъуауэ ахэр нэсащ фашистхэм ягъэхьэзыра «лагъым губгъуэм». Капитанырэ и танкым кьиикIащ щIыпIэм еплъыну. Щым теува кьудейуэ шэ фий макъ кьэIуащ. Командирыр ещIащ.

Ротэм хэтхэм ар бийм хуагъэгъуакъым. Я танкхэм иIысхьажхэри ахэр ежьащ фашистхэр зэтрауклэу, зэтрапIитIэу. Иджы ахэр къэзыгъэувыIэжьын кьару щыIэтэкъым.

Цыхухэм, хэкум я хуитыныгъым щIэбэну дунейм ехьажа щIалэ хахуэм къыхуагъэфэщащ Хэкум и дахэ. Мыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - 1945 гъэм ГъатхэпIэм и 24-м абы кьыфIащащ Совет Союзым и Лыхъужь щIэ лъапIэр. Ноби Лыхъужьыр Хэкум щыгъупщэркъым. Абы зэрихьа хахуагъэм ди щIэблэр щыгъуазэ ящI, Грант я щапхъэу кьагъэтэдж. 1966 гъэм СССР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и министрым и унафэкIэ Оганьянц Грант игъащIэкIэ хэтыну танкыдзэ гуэрым хатхащ. Абы кьыкIыращ: пщыхьэщхьэ къэс танкист сатырхэм хэтхэр ябжьыну щыщIадзэкIэ, Грант и унэцIэр псом япэу кьрапIуэ. АбыкIэ жалэну зыхуэйращ: «Оганьянц Грант иджыри къулыкъу ещIэ».

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

КIуэкIуэ Джэмалдин Нахъуэ и къуэр щIэныгъэм лъэужь нэху, купщIафIэ къыщызыгъэна лъэпкъ еджагъэшхуэхэм ящыщщ. КIуэкIуэр ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом ономастикэмкIэ япэ лъэбакъуэхэр щызыча щIэныгъэлIхэм хабжэ. А щIэныгъэм теухуа япэ тхыльри ди щIыпIэм къыщыдэзыгъэкIар аращ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и Академием «Урысей щIэнгъуазэ» унэтIныгъэмкIэ и академик, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик - а щIыхьыщIэхэмрэ къулыкъу лъагэмрэ хуэфащэ дыдэу зратауэ щыта КIуэкIуэр дунейм зэрехьжрэ илъэс ныкъуэ хъуауэ аращ. Псоужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут мы махуэхэм.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэм хыхьэ Малкэ хуажэм щыпсэу адыгэ унагъуэм 1930 гъэм кьыщалъхуащ Джэмалдин. Абы и адэ-анэу КIуэкIуэхэ Нахъуэрэ Сэлимэтрэ адыгэ унагъуэ кьыззэрыгуэкIыу Малкэ къуажэм щыпсэуахэм ящыщщ. Абыхэм быниплI яIащ: Джэмалдин, Тамарэ, Тэлэдин, Хьэсэнбий. ЩIэныгъэшхуэ ябгъэдэмылъами, нэхъыжьхэр жыджэру хэтащ гъащIэщIэр ди щIыналъэм щыгъэуэным. Нахъуэ финанс Іуэхум, сатум, экономикэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхуу щытащ. Ар потребкоопераци и лъабжьэр Дзэлыкъуэ щIыпIэми Псыхуэби щызыгъэтIылъахэм яхэтащ. ЩIэныгъэм и къаур зыхуэдизыр, абы и нэхум жыжьэ узэришэфынур къызыгурыIуэ адэ-анэм яхуэзфIэкIащ я бынхэм ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэун Іэщ Іагъэ ирагъэгъуэтын.

- Си сабиигъуэр Хэку зауэщхуэм и лъэхъэнэм хиубыдащ икIи си гукъэкIыжхэм ящыщ куэд пыщIащ ди жылэм бий сэлэтхэр къыдыхьэу абы хуиту зэрыдэтам, Іэгъуэблагъэм щекIуэкIа зэхэуэхэм. Сэ абы щыгъуэ илъэс 11 - 12 сыхьуу арати, зыхъумэжьын зэрыхуейр сымыщIэу, шынэми сыпэIэщIэу апхуэдэт. Си ныбжьэгъу щIалэ цIыкIуэхэр си гъуэгу бийм щыкIэлъыпIырт, абы зэранигъэу кьытхуихьым дриздэгуэпу. СощIэж нэмыцэдзэр жэщу щыдзэкIыжьым Балъкъыпс телъа лъэмыжьышхуэр къагъэуауэ зэрыщытар. Ар куэдрэ си нэгу щIэтащ, - игу кьиГъэкIыжьыр Джэмалдин, иужьрейуэ дыщызэпсэлъылIам щыгъуэ. - Нэхъ балигъ дыхъури, ежьэнэм сыдихьэхащ. УрысыбзэмкIэ щколым сыщцэзыгъэджа Крашенниковэ Раисэ а бзэм и дахагъэм сыдригъэхьэхьфащ. Арауэ кьыщIэкIынущ бзэ щIэныгъэр Іэщ Іагъэ схуэхъунырэ кьэзыхэкIар.

Кьуажэ щколыр кьиуха нэужь, ар щджащ Налшык дэт педучилищэм икIи, еджэныр зэфIэхри, я кьуажэ дэт щколым 1948 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. ЕгъэджакIуэ щIалэр жэуапIыныгъэшхуэ зыхихщIэу пэрыхьащ ІэнатIэм. Лэжьэн щыщIидза дыдэм щыгъуэ, абы гу льитауэ щытащ (урысыбзэр иригъэджми) сабийхэм адыгэбзэкIэ яджын тхылъ кьаззэремэщIэкIым. Джэмалдин урысыбзэм кьрихри адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ щытащ Дмитриевэм и рассказ «ЩIалэ цIыкIумрэ Жучкэрэ». Тхылъыр ягу ирихьауэ щытащ абы щыгъуэ тхылъ тедзапIэм и унафэщIу лэжьа КIыщокъуэ Алим, абы гъэзэгу езытауэ щытахэу ЩоджэнцIыкIу Іэдэмрэ Болэ Муратрэ.

Зэрысабийрэ бзэхэр джыныжкIэ зэчий зыбгъэдэлъа щIалэщIэр дихьэхащ урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм егъэщIэным, Іуэху зехьэкIэфIхэри кьиГъэлъагъуэу лажьэрт. АршхьэкIэ щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэти, Джэмалдин 1949 гъэм щIэтIысхьащ Къэбэрдей дединститутым и урысыбзэ кьудамэм. ЕхьулIэныгъэкIэ ар кьиурэ, Лениным и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал дединститутым и аспирантурэм и щIэныгъэм адэкIи щыхигъэхьауэ. А илъэсхэр КIуэкIуэм хуэхъуащ щIэныгъэ куум и кьежьапIэ нэс. Ар Москва щызыгъэджа щIэныгъэлIэм яхэтащ дуней псом щыцIэрыIуэ академик Виноградовыр, профессорхэу Крючковыр, Устиновыр, Черных сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм щIалэгъуалэр хуаунэтIащ щIэныгъэ лэжьыгъэхэм, къэхутэныгъэ зыхэлэмтэхэм. 1958 гъэм абы и кандидат диссертацэр Москва щыпхигъэкIащ икIи филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр кьыфIащащ.

Адыгэ щIалэм и щIэныгъэ зэфIэкIхэр нэхъыбэу зытриухуауэ щытар ономастикэрат, топонимикэрат. АбыкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Джэмалдин дунеяплъэ кьикIуныкIу, щэ гуэрхэр зригъэлъагъуну суг щыгъуи хущIэкъуу зэрыщытам. Топонимикэм теухуауэ абы и кьалэмыпэм япэ дыдэ кьыпыкIа «Адыгэ щIыпIэцIэхэр» щIэныгъэ статьяр щитхари нэгузэгъужьакIуэ Сочи - Адлер - Ахъцу - Псоу - Рицэ гуэл щIыпIэхэм щыIа нэужьт (1966). Абыи иужькIэ итха тхьылъхэу «Балъкъэр топонимие псалъалъэ» (балъкъэр щIэныгъэлI Шахмирзаевыр и гъуэсэу, 1970), «Адыгэ (шэрджэс) топонимие» (1974), нэгъуэщIкэми лъабжьэ яхуэхъуар щIыпIэ зэхуэмыдэхэм экспедицэхэр щрагъэкIуэкIауэ зэрыщытарщ. Географие фIэщыгъэхэм ятеухуауэ абыхэм ярыт хьыбархэр щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм щызэхуахьэсауэ щытащ шэрджэсхэр, убыххэр, абхъазхэр, абазэхэр, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъхэр щыпсэу Кавказ Гупэм, КъухьэпIэ Кавказым щыIэ жылагъуэхэм. Абы щыгъуэми гупльэтэ хуащIащ адыгэхэм я гъунэгъуу илъэсищэ бжьыгъэ хъуауэ псэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я щIэхэми, я щыпIэщIэхэми.

Дунеяплъэ кьикIухьыну зыфIэфI щIэныгъэлIэ я хьэлыр хуэхъурт и щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм я джэлэс. Джэмалдин апхуэдэ щIэныгъэ зкIедицэхэм ятритхыкIыжьа тхьилъхэм абы Іэмал кьратырт и нэгу зегъэужьаным пищэну. Абыхэм епха и гукъэкIыжхэм ящыщт «Победа» автомашинэм ису «щIэныгъэ нэгузегъэужьакIуэ» ежьауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ зэфIиха и къэхутэныгъэхэм кьыззщIауБыдар щIыпIэхэм, бгыхэм, псыхэм, жылэхэм я фIэщыгъэхэм я закъуэкъым, атIэ, цIыкуIэхэмрэ унэцIэхэмрэ нэмыщI, хьэрышм епха цIэхэм, ванъуэхэм зэреджэхэм, нэгъуэщIхэми гулъытэ хуищIат щIэныгъэлIым. Турист гупым я гъусэу Кавказ бгы дыкъуакъуэми щхьэпрыкIат ар. Абы щыгъуэ КIуэкIуэм кьратат «СССР-м и турист» медалыгъэр. Апхуэдэу къыдигъэкIа япэ тхьилъым кьыпэкIуа гонорарым щыщкIэ турист путёвкэ кьищэхурэ, «Пушкин Александр» кхъухьым ису дунейр ихьуреягъкIэ кьыззхикIухьауэ щытащ КIуэкIуэм. Абы зэпича гъуэгуанэм кьыззщIубыдат Истамбыл - Афины - Неаполь - Рим - Париж - Лондон - Копенгаген - Стокголм къалэщхуэхэр. Абы щыгъуэ илъэгъуакъэм тепсэлъыхьыжьын фIэфIт Джэмалдин, абыхэм ятеуха суратхэри тхыгъэхэри дигъэльагъуэ.

А щIыналъэхэм щIэныгъэлIым кьыщIыгуГъуея кьэхутэныгъэхэр абы кьыщигъэльэгъуэжат и тхыгъэ зэмылIужьыгъуэхэм. А щIэныгъэ унэтIныгъэм теухуауэ КIуэкIуэр а зэманым мызэ-мытIэу кьыщыпсэлъащ Киев, Одессэ кьэкIэхэм ономастикэм теухуауэ щекIуэкIа къэралпсо конференцэм. Ар ящыщащ ономастикэмрэ топонимикэмрэ я лъабжьэр ди хэкум щызыгъэтIылъахэм. Джэмалдин хуэдэ ономастикэм я лжьыгъэхэр ди щIыпIэхэм щыпэми, хамэ къэралхэм я щIэныгъэм куэд лъандэрэ гулъытэшхуэ щигъуэтырт. Абы и щыхьэтщ ди хэкум щыщ апхуэдэ щIэныгъэлIхэр япэ дыдэ дунейпсо утыку щихьар 1972 гъэрауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ Болгарием щекIуэкIащ Ономастикэм XI дунейпсо конгресс.

- ИлэкIэ щыIа апхуэдэ дунейпсо зэхуэсэ 10-м дыхэтыфакъым икIи драгъэблагъакъым, щыжьIпIэни щыдгъэлъэгъуэни диIэтэкъыми, ауэ 1972 гъэм ирихьэлIэу кьэхутэныгъэфIэхри щIэныгъэ мымащIи зэфIэтхдзэ, - а конгрессым зэрыхэтам тепсэлъыхьыжырт КIуэкIуэр. - Софие сызэрыщIыам Іэмал къызитащ адыгэ-болгар, болгар-балъкъэр унэцIэхэм, щIыпIэхэм я географие фIэщыгъэхэм зэпыщIэнгъэ яку зэрильэу, абыхэм ящыщ куэдым зы кьежьапIэ, зы лъабжьэ зэралэр кьэсхутэну. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, адыгэ унэцIэхэу Абазэ, Багъ, Сокъур, Шэрий, жыхуиIэхэр.

Зэман кIыхькIэ иригъэкIуэкIа апхуэдэ кьэхутэныгъэхэр лъабжьэ хуищIри, 1975 гъэм КIуэкIуэм утыку кьрихьащ и щIэныгъэ лэжьыгъэ иныр. «Адыгэ (шэрджэс) ономастикэр (топонимиер, антропонимиер)» доктор диссертацэм мыхьэнэшхуэ иIащ а щIэныгъэ унэтIныгъэм зиужьынымкIэ. ЩытхъуфIэр хужаIэу, ар Тбилисии щыпхигъэкIауэ щытащ Джэмалдин. Абы щыгъуэм абы кьыфIащауэ щытащ филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатlэри, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Іэныгъэри, жылагъуэ Іуэхуэри екIуу, ныкъуэсныгъэншэу икIи купщIафIэу зэдзэхьыщIэ Іэщ Іагъэ щыпкъат КIуэкIуэ Джэмалдин. КъБКъУ-м урысыбзэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэу, кафедрэм и доценту, и унафэщIу, филологие факультетым и деканэ лэжьащ ар. ЩIэныгъэлIым студентхэм дапщэщи ядригъэкIуэкIащ езыр зэлэжь унэтIныгъэмкIэ семинар хэхахэр, лекцэхэм ячыгъэ-джэрт. Иужьрей илъэсхэм а лэжьыгъэр абы щызэфIихьырт бзэм и тхьдэм, зэгъэпэщIыгъэ бзэ щIэныгъэм я кафедрэмрэ ономастикэмкIэ лабораторэмрэ. Джэмалдин абы щызэхихьэсат а Іуэхум ехьэлIа лэжьыгъэ зэмылIужьыгъуэ куэд. ЕгъэджакIуэ гумызагъэр щыгуфIыкIырт иригъаджэ студентхэм ономастикэр зыфIэхьэлэмэт, абыкIэ курсовой, диплом лэжьыгъэхэр зыщIэзэщIену гукъыдэж зиIэхэр мымащIэу къаззрыхэкIым. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ и лъэужьым ирикIуахэр. КIуэкIуэ Джэмалдин и унафэм щIэту щIэныгъэ диссертацэхэр зыгъэхьэзырахэм ящыщщ Щомахуэ Татьянэ, КIуэкIуэ Лейлэ, Езий Маринэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

Профессор цIэрыIуэр зэлэжь унэтIныгъэмкIэ щIэхьыгъэ къыщыпсалъэрт ди республикэм къыщыззрагъэпэщ щIэныгъэ зэхьыхьэхэм, пщIэ хуащIу ар иригъэблагъэрт ди къэралми хамэ щIыпIэхэми щекIуэкI дунейпсо зэхуэсхэм. Апхуэдэу КIуэкIуэм и тхыгъэхэр кьытехуэрт къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм. Абы кьыдигъэкIащ адыгэ, балъкъэр топонимикэмкIэ псалъалъэхэр, «Нарт» эпосым и ономастикэмкIэ псалъалъэ, курыт школым урысыбзэр зэрыщегъэджыпхъэм теухуа лэжьыгъэхэр. Іэщ Іагъэлым и къалэмыпэм кьыпыкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу, тхыгъэ щхьэхуэу 200-м нэс. Абыхэм ящыщу 20-м щIигъур тхьилъ щхьэхуэхэщ. Гъунэгъу щIыналъэхэми къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми ономастикэмрэ топонимием щелэжь щIэныгъэлIхэм (бзэр зыджжэм, тхыдэтхэм, географхэм, н.къ.) ахэр гъуэгуГъэлъагъуэ яхуэхъуащ.

ЕджагъэшхуэмкI бзэдэлъа щIэныгъэм и лъагагъым и щыхьэтщ ар КъБКъУ-м кавказыбзэхэмкIэ, тыркубзэхэмкIэ Іэщ Іагъэлхэм я дисертацэ советым и пашэу, УФ-м ФилологиемкIэ и къэрал совет нэхъыщхьэм илъэс куэдкIэ зэрыхэтар. 2000 гъэм УФ-м фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ иригъэкIуэкIа зэпеуэм и грантыр КIуэкIуэм кьыхуагъэфэщауэ зэрыщытами кьыгъэльэгъуауэ Джэмалдин и зэфIэкI лъагэр. ЩIэныгъэлIым игъэхьэзыра «Кавказ Ищхьэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я географие фIэщыгъэхэр» проектыр зэхьэзэхэм и къэпщытакIэу гупым нэхъыфI дыдэу кьалъытащ икIи абы и ЩIыхь тхьилъыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. КъинэмыщIауэ, Москва 2006 гъэм кьыщыдэкIа «Адыгэ (шэрджэс) щIэнгъуазэ» тхьилъым ихуа «Топонимие», «Этнонимие», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» тхьилъым и «Ономастикэ» Іыхьэхэр зытхьину дзыхь зыхуащIар КIуэкIуэращ, сыту жыIпIэмэ а унэтIныгъэхэмкIэ нэхъ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэ зиIэ нэгъуэщI ди щIыналъэм истэкъыми.

Лъэпкъ щIэныгъэм зиужьыным хилъхьа гуащIэдкI хьэлэлым папщIэ КIуэкIуэ Джэмалдин Нахъуэ и къуэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ медаль зэхуэмыдэжэр, щытхъу, фIыщIэ тхьилъхэр, саугъэт лъапIэхэр, цIэ лъагэхэр. Германием щIэIэ Гейдельбергский университетым и щIэныгъэлI пажэ Хубшмид Йоганнес зэрыжиIащи, «КIуэкIуэм и лжьыгъэхэр бзэ щIэныгъэм и кьудамэ куэдым къэхутэныгъэхэр зэрыщегъэкIуэкIыпхъэм и щапхъэ нэсщ». Апхуэдэ дунейпсо цIэрыIуагъэр гулъытэрэ зыгъуэта ди лъэпкъэгъу щдждащэм и фэеплъыр яхуэмэ абы къыщIэна унагъуэм. Адыгэ фIэщыгъэхэм я къэхутакIуэ нэс КIуэкIуэ Джэмалдин и цIэр лъэпкъ щIэныгъэм и тхыдэмэ хэмыкIыжьыну къыхэнащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Урысей гвардие

ЕджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну хуейхэм папщIэ

Урысей гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм щыхэплъэнущ 2020 гъэм дзэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну гукъыдэж зиIэхэм къата тхьилъхэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, зи гугъу тщIы еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну хуитхэр Урысей Федерацэм и цIыхухэрщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэтахэрщ е курыт еджапIэр къэзыухагъащIэхэрщ. КъищынэмыщIауэI, абитуриентым щIэпхъаджагъэ илэжьауэ суд пащхьэ ирашамэ, е къэрал щэху хуит щIыхуамыщIын гурыщхъэу хуащIмэ, апхуэдэр пхагъэкIынукъым. Абы къыдэкIуэуи дзэм ирамыджахэми (илъэс 16 - 22-рэ ныбжьхэм къриубыдэу) кьулыкъу щIэнэр зэфIэзыгъэкIахэми (илъэс 24-рэ хуэхэм) я тхьилъхэри Іахьнщ.

Комиссэр арэзы зытехьэу тхьилъхэр ирагъэхьынущ УФ-м и Лъэпкъ гвардием Санкт-Петербург, Саратов, Пермь, Новосибирск къалэхэм щиIэ дзэ институтхэм.

КъедбжэкIа еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну гукъыдэж зиIэхэр фыкъэпсалъэ хуэнущ мы телефонхэмкIэ: 89604253878, 89094921111, 88662960309.

Урысей гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и хъыбарегъащIэ Іуэхущ Іапл эм и унафэщI
ЛЫКЪУЭЖЬ Маринэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизан гуп (1942 - 1943 гъэ.).
Нальчик, 1965 гъэ, накъыгъэм и 9.

★★★

ЦIыхухэм яхуозэ

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №387-м ипкъ иткIэ яубзыхуащ цIыхухэр зэрырагъэблагъэ графикыр. Къудамэм и щIыналъэ Іуэхущ Іапл эхэм цIыхухэм блыщхьэ - мэрем махуэхэм щахуэзэнущ сыхьэти 9-м къыщыщIадзаэу сыхьэт 18 пщIондэ.

УРЫСЕЙМ и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм уэзрыпсалъэ хъуну и телефоныр: 8 800 200 09 77.

Апхуэдэуи фыпсалъэ хъунущ цIыхухэм, страховкэ зиIэхэм, Іуэхущ Іапл эхэмрэ страхователхэмрэ зыкъызэзрыхуагъаззэхэм хэплъэнымкIэ къудамэм мы и телефонхэмкIэ - 8(8662) 42-00-30, 8(8662) 42-00-29.

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапл эр.

● Япэ итахэр

Адыгэ фIэщыгъэхэм я къэхутакIуэ нэс

90

КIуэкIуэм утыку кьрихьащ и щIэныгъэ лэжьыгъэ иныр. «Адыгэ (шэрджэс) ономастикэр (топонимиер, антропонимиер)» доктор диссертацэм мыхьэнэшхуэ иIащ а щIэныгъэ унэтIныгъэм зиужьынымкIэ. ЩытхъуфIэр хужаIэу, ар Тбилисии щыпхигъэкIауэ щытащ Джэмалдин. Абы щыгъуэм абы кьыфIащауэ щытащ филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатlэри, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Іэныгъэри, жылагъуэ Іуэхуэри екIуу, ныкъуэсныгъэншэу икIи купщIафIэу зэдзэхьыщIэ Іэщ Іагъэ щыпкъат КIуэкIуэ Джэмалдин. КъБКъУ-м урысыбзэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэу, кафедрэм и доценту, и унафэщIу, филологие факультетым и деканэ лэжьащ ар. ЩIэныгъэлIым студентхэм дапщэщи ядригъэкIуэкIащ езыр зэлэжь унэтIныгъэмкIэ семинар хэхахэр, лекцэхэм ячыгъэджэрт. Иужьрей илъэсхэм а лэжьыгъэр абы щызэфIихьырт бзэм и тхьдэм, зэгъэпэщIыгъэ бзэ щIэныгъэм я кафедрэмрэ ономастикэмкIэ лабораторэмрэ. Джэмалдин абы щызэхихьэсат а Іуэхум ехьэлIа лэжьыгъэ зэмылIужьыгъуэ куэд. ЕгъэджакIуэ гумызагъэр щыгуфIыкIырт иригъаджэ студентхэм ономастикэр зыфIэхьэлэмэт, абыкIэ курсовой, диплом лэжьыгъэхэр зыщIэзэщIену гукъыдэж зиIэхэр мымащIэу къаззрыхэкIым. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ и лъэужьым ирикIуахэр. КIуэкIуэ Джэмалдин и унафэм щIэту щIэныгъэ диссертацэхэр зыгъэхьэзырахэм ящыщщ Щомахуэ Татьянэ, КIуэкIуэ Лейлэ, Езий Маринэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

Профессор цIэрыIуэр зэлэжь унэтIныгъэмкIэ щIэхьыгъэ къыщыпсалъэрт ди республикэм къыщыззрагъэпэщ щIэныгъэ зэхьыхьэхэм, пщIэ хуащIу ар иригъэблагъэрт ди къэралми хамэ щIыпIэхэми щекIуэкI дунейпсо зэхуэсхэм. Апхуэдэу КIуэкIуэм и тхыгъэхэр кьытехуэрт къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм. Абы кьыдигъэкIащ адыгэ, балъкъэр топонимикэмкIэ псалъалъэхэр, курыт школым урысыбзэр зэрыщегъэджыпхъэм теухуа лэжьыгъэхэр. Іэщ Іагъэлым и къалэмыпэм кьыпыкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу, тхыгъэ щхьэхуэу 200-м нэс. Абыхэм ящыщу 20-м щIигъур тхьилъ щхьэхуэхэщ. Гъунэгъу щIыналъэхэми къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми ономастикэмрэ топонимием щелэжь щIэныгъэлIхэм (бзэр зыджжэм, тхыдэтхэм, географхэм, н.къ.) ахэр гъуэгуГъэлъагъуэ яхуэхъуащ.

ЕджагъэшхуэмкI бзэдэлъа щIэныгъэм и лъагагъым и щыхьэтщ ар КъБКъУ-м кавказыбзэхэмкIэ, тыркубзэхэмкIэ Іэщ Іагъэлхэм я дисертацэ советым и пашэу, УФ-м ФилологиемкIэ и къэрал совет нэхъыщхьэм илъэс куэдкIэ зэрыхэтар. 2000 гъэм УФ-м фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ иригъэкIуэкIа зэпеуэм и грантыр КIуэкIуэм кьыхуагъэфэщауэ зэрыщытами кьыгъэльэгъуауэ Джэмалдин и зэфIэкI лъагэр. ЩIэныгъэлIым игъэхьэзыра «Кавказ Ищхьэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я географие фIэщыгъэхэр» проектыр зэхьэзэхэм и къэпщытакIэу гупым нэхъыфI дыдэу кьалъытащ икIи абы и ЩIыхь тхьилъыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. КъинэмыщIауэ, Москва 2006 гъэм кьыщыдэкIа «Адыгэ (шэрджэс) щIэнгъуазэ» тхьилъым ихуа «Топонимие», «Этнонимие», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» тхьилъым и «Ономастикэ» Іыхьэхэр зытхьину дзыхь зыхуащIар КIуэкIуэращ, сыту жыIпIэмэ а унэтIныгъэхэмкIэ нэхъ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зэфIэкI лъагэ зиIэ нэгъуэщI ди щIыналъэм истэкъыми.

Лъэпкъ щIэныгъэм зиужьыным хилъхьа гуащIэдкI хьэлэлым папщIэ КIуэкIуэ Джэмалдин Нахъуэ и къуэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ медаль зэхуэмыдэжэ

● Къэбэрдей Адыгэ Хасэ

Сыт нэхъ дахэ адыгэ фащэм нэхъ рэ? Ар зыщыгъ адыгэ пщащэращ!

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэмрэ зэгъусэу зэхащэрэ гъэпэщ «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм и зи чэзу зэхьыхьэр хуабжьу гухэхъуэу екіуэкіащ. Зэпеуэр кьыддаІыгъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Налшык къалэ Щэнхабзэмкіэ и Іуэхущапіэм, «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъщэнхабзэ автономием (Черкесск къалэ), нэгъуэщІхэми.

ИДЖЫ еханэу екіуэкі зэпеуэм и пщІэм илъэс кьэс хэхъуэ зэпытщ. Абы и къыззгъэпэщакіуэхэри къэпщытакіуэхэри зыхущІэкъур адыгэ щІалэгъуэлэр лъэпкъ щэнхабзэм дегъэхьахьныщ, адыгэ бзылъхугъэм и дахагъыр зыхуэдэр нэрылъагу щІыныщ (дахагъэм кьиззэщІиубыдэр теплъэм и закъуэкъым - псэкупсэ кьулеягъыщ, акъыл жанагъыщ, гупсысэгъыщ, Іэдэбагъыщ, Іэпэ Іэсагъыщ, н.). Псори дызыхущІэкъур кьыдэкіуэтей щІэблэм адыгэ бзылъхугъэ нэсым и щапхъэр зыхеГэлъхьэныщ, ар нэгъуэщІхэм я егъэлъагъэуныщ, дахагъэмрэ кьыбзэгъэмрэ зи лъабжьэ гъэсэныгъэ яб-гъэдэлъхьэныщ.

Зи зэфІэкІ зыгъэльэгъуэну жэрдэм зыщІакъым ящыщу пщащи 5-щ республикэ зэпеуэм нэсар. Абыхэм ящыщ дзтхэнэри зэхуэфащэт жыпІэмэ, ущыуэнукъым. Хьыджэбзхэм я зэфІэкІымрэ Іэзагъымрэ щагъэльэгъуэн хуейт лІэужьыгъуиблу зэщхьэщыха Іыхьэхэм.

Кьэпщытакіуэ гупым хэтхэр дзтхэнэ Іэхъумкіи Іэщіагъэлті, утыку кьипхьэр фІэкІыпІэ имыІэу нэгъэсауэ, зэгъэзэхуауэ, шэрыуэу щытыпхъэт. Абыхэм набдзэгубдзапІъэ якіэльэпльынут Урысей Федерацэм гъуэзджэхэмкіэ щыихь зиІэ и лэжьакіуэ, къэфакіуэ **Битокъу Беслъэн**, Къэзанокъуэ Жбагъы и цІэр зезыхьэ центрым дзнбзэныжкіэ и къудамэм и унафэщІ **Елгъэр Мадинэ**, «Нарт» ООО-м и унафэщІ, «Пашы» щІыхьэ жылагъуэ хасэм и гуащэ, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, пщафІэ Іэзэ **Бжьэдыгъу Аксанэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныжкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыныжкіэ и лабораториемрэ и унафэщІ **Щоджэн Іэминат**, Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием и солистко, уэрэджЫакіуэ телъыджэ **Хьэкъул Оксанэ**, КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныжкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм лъпкъ щІэныгъэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІ, Хьэтлохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ **Табщ Мурат**, режиссер цІэрыІуэ **Хьэмокъуэ Олег**, «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм щІэблэм хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэныжкіэ и гупым и Іэтащхьэ **Сэрахъэ Алан**, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и «Нартсанэ» къэфакіуэ ансамблым и унафэщІ **Къуэжей Темыркъан**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **НэщІэпыджэ Замирэ** *(къэпщытакіуэ гупым я пашэщ).*

Илъэсих лъандэрэ «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр щІэщыгъуэу, гугъэзагъэу езыгъэкіуэкі **Батї Залинэрэ Къанкъул Исльамрэ** пшыхьыр къыззІуаха нэужь, утыку къэрашащ 2018 гъэм пщащэ зэпеуэм щытекіуа **Гъуэт Миланэ**. Абы кьыззхуэсахэм сэлам гуапэр ящхри, хьыджэбзхэм екъулІэныгъэ яІэну ехъуэхъуащ. Пшыхьыр кьыззІуихащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфіыціэ Мухьэмэд**. Абы жиІащ мы Іуэху дахэр кьыззэрыраХьэжьэрэ блэкіа илъэсхэм гур хэзыгъахъуэ щІэблэ дызэриІэр пщащэхэм наІуэ кьыззэращІыр, адыгэбзэм, лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм кьыдэкіуэтей щІэблэр зэрыщІапІкіыкІым щыхьэт зэрытехъуэр. «Зэпеуэр зэІухауэ, нэфІней хэмылъу йокіуэкі, къэпщытакіуэхэр адыгэ Іуэхум хэт, адыгэбзэм ирилажьэ, адыгэ щэнхабзэм пэгунэгъу защІэщ, сэ абыхэм я лжьыгъэр зыгъэльэгъуэ щыгъуи си нэІэ щІэтщ. Щыщыуи, щымызэхуи къэхъункіэ Іэмал иІэжьым, яхуэддэнукъым», - кьыхиГэщащ Хьэфіыціэм.

Пщащэхэм я чэзуэ кьихьэгъуэр кьэос. Мыпхуэдэ зэпеуэхэм щыхабзэр аращ - япэ кьихьэгъуэм хьыджэбзхэм зыкъраГэщІыхун хуейуэ арати, дзтхэнэми жьакІуэу адыгэбзэ шэрыуэкіэ утыкум щыжиІащ кьызызхкІа унагъуэм, лъэпкъым я шифэлІыфэр, езыхэм я дуней тетыкІэр, дзэыхьэх Іуэхугъуэхэр, хъуэпсапІхэр, нэгъуэщІхэри. А псори езыхэм, я унагъуэм ихэм, я ныбжьэгъуэхэм, зыдеджэхэм щагъуэз сурэтэхмкіэ щІэгъэбыдащ, ахэр экраным кьредзэ. Адыгэ унагъэ щапІа пщащэхэм я «дунейм» ухэплъэну телъыджэщ, бащэкіэ узыщыгугъ щІэблэм я къэкіуэнур езыхэм зэралъагъур гъэщІэгъуэнщ, балигъ гъащІэм хэбэкъуа къудейуэ арами, абы хуаІэ еплъыкІэм удехьэх.

«**Утыку ихьэгъуэ**» Іыхьэм зезыпщыта ныбжьыщІэхэм зэман кІэщІым кьурибыдэу зыкъыдагъэщІыхуащ, икІи дзтхэнэми теуухуауэ ди еплъыкІэ гуэр зэфІэуващ. Гур хэзыгъахъуэщ абыхэм я псэльэкІэр, дуней тетыкІэр, хъуэпсапІэхэр, мурадхэр. Шэрыуэ дыдэу щымыт адыгэбзэ зыІурылъ пщащэ щхьэщ кІыхьым седаІуэрт, адыгэ унагъуэ кьыщыхъуа хьыджэбзым и бзэр щІэмыкъабзэмрэ апхуэдэ щыщІэныгъэ иІэу мы зэпеуэм кьыхьыхэну зэрытегушхуамрэ згъэщІагъуэу. И кьэпсэльэныгъэр икІэм щынэсым жеІэ: «Хуабжьу кьызохьэлъэкІ сыщыщІыкІым адыгэбзэ зэрызамыгъэщІар. Сэ сыкьыдэкІуэтея нэужь, езыр-езыурэ ззэгъэщІэжауэ аращ. Адыгэбзэкіэ гупсысэуэрэ ар зи бзэкіэ къэзыІуэтэжыфым и насыпщ. КхъыІэ, фи бынхэм адыгэбзэ евгъащІэ», - жиІэу и тэмакъ кьызэфІэзэрыхьам имыгъэпсалъэу зи нэпс кьызыфІыщІакіа пщащэм и лъэІур зи гущІэм нэмыса а пэшым щІэсах кьым. Зэпеуэм хэтт адыгэбзэ щэрыуэкіэ кьэпсалъэхэри, щІалэгъуэ гъащІэм удрагъэхьэхыу зи дуней тетыкІэр къэзыІутэхэри. Апхуэдэ зы Іыхьэ кьэс кьэпщытакіуэхэм балл бжьгъэхэр кьалэтырт, пэшым щІэсхэм я Іэгуауэмкіэ арэзы кьадэхъъуу.

Бзылъхугъэм и Іущагъым мыхьэнэшхуэ иІэщ. «**Пщащэ акъыльфІэхэр**» унэтІыныгъэм ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым кьыдэгъэгурыкІуэ адыгэ псальэжьхэмкіэ щызэпеуэн хуейуэ арати, кьиКІуэт яхэмыту кьыщІадзащ. ИтІани, хьэрхуэрэгъум иригэкіуэтами, гузавэурэ ящІэ псалъэжьхэр яІэщІэхужами, пщащэхэм хэкІыурэ тІур кьызэхуэнащ - Чэт Лианэрэ КъэУзнэкъуэйей Лианэрэ. Гур хигъахьуэрт а тІум я зэпеуэкІэм, псалъэжьу щыІэр гукІэ ящІэ фІэкІа умыщІэну зэпадзыжу зыкъсомрэ утыку зздита нэужь, зым дичыхащ.

Іэпэлэсагъэм Іуэхур щынэсым пщащэхэм мастэ-Іуданэр зэфащІэри, дакъикъэ бжьигъэм щэкІ кІапэм щІыІу щырыщІ ирадащ. ТІэкІу епІэщІэкІми, абыкІэ гурыІуэгъуэт хъыджэбзхэр а Іуэхуми зэрыхуэгъэзащІэ.

ПщэфІэныр кьаззрехьулІэр «**Адыгэ шхыныгъуэхэр**» унэтІыныгъэм кьиГъэнэІуащ. А махуэм хъэпщытакіуэхэм я Іэнэм кьытрагъэувэ ерыскъыр зэрыщапщэфым видео трахауэ экранкІэ кьагъэлъэгъуэжырт, шхыныгъуэм хэлъхэм, ар зэрапщэфі щыкІэм тепсэлъыхьу.

КІэпхьынхэр яІулъэр Іэлъэщі щыкІуэхэр ятелъу хъыджэбзхэм нэжэгужу кьаІуэтэжырт анэхэм зыхуагъэса Іуэхугъуэхэр. Экранымкіэ кьагъэлъагъэрт ящІэфІыну джэдыр хадэм кьижьыкъу зэритым деж щІегъэжьауэ, Іэнэм кьытралъхьа ерыскъыр кьызэрыхащІыкІым нэс. Уеблэмэ пхъэ кьутар унэм кьыщІихьэу хьэкум мафІэ ирищІэу, пэрыІэбэкІэ дэп-мафІэр зэригъэззхуа нэужь, пІащІабзэу ихуурэ игъэхьэзыра щІакъуэззэтеупІэщІыкІыр тезыгъэува пащащэм и видеор фильм псо хъуат, унэлъащІэхэмрэ кьыІигъэсбэп хьэкъущыкъуэмрэ падырей пльэхэмэм ухуригъэплъэкІыжу. Кхъуейжьапхъэ, лэкъум, дэлэн, джэд ла, щІакхъуэззэтеупІэщІыкІ, лыцІыкІулыбжьэрэ пІастэрэ Іэнэм кьытрагъэуващ а махуэм.

Пщащэхэр адыгэ щэнхабзэм зэрыхэтыр гукъинэжу утыку щагъэлъэгъуащ щхьэж езым и эзфІэкІымрэ тхури зэгъусэу ягъэззэщІа кьафэмкІэ. «**Щэнхабзэм и лъахэм**» унэтІыныгъэм хэтахэр уэ кьеджэнми, поэмэм щыщ пыныгъуэ жыІэнми, кьэфэнми пэпъэщащэщ.

А псоми гупсысэ пыухыкІа щІэлъу утыку кьрахьэрт. Теплъэгъуэ гукъинэж хъуат зы пщащэм игъэлъэгъуар. КьызэхэкІа лъэпкъым кьыдекІуэкІ бзылъхугъэ фащэр и пащьхэм щыфІэдзащи, тольэщІыхь, зрегъапщэ, ар щыщыгъым деж и дахагъыр и нэгу кьыщІигъэхьэурэ зыщогуфЫкІыж, зыхуеГъафІэ фащэм, зегъэдзаж. ЛъэныкъуэкІэ пщыщтщ цІыхухъу джанэмрэ гъуэнщэджымрэ тращыкІа иджырей бзылъхугъэ фэилъхэгъуэр. Ар къззыухъуреихь «гупсысэхэм» пщащэр ирашажьэ, дахьэхын щхьэкІэ ямыщІэ къаГанэркъым, а фэилъхэгъуэр щыгъмэ зэманым нэхъ декІуу, цІыхум нэхъ къахэщу, и Іэпкъльэпкъыр нэхъ екІу щІэхъукІыу, и дунейр нэхъ игъэдахэу и фІэщ ящІын мурадкІэ кьыкІэрыхъыжьами ярейуэ, зрашалІэ. Адыгэ фащэм кІэльыІэбзуэр цІыхухъу щыгъыныжкіэ ирашэкІ, а гупсысэхэм дахьэх, зыщІаубыдэ хуэмейуэрэ... ГущІыхьэщ икІи шынагъуэщ а теплъэгъуэм узригъэгупсысыр, ауэ зэпеуэм и мыхьэнэмрэ абы хэт хъыджэбзхэм я адыгагъэмрэ гур кьыззрегъэгъуэтыжри, адэкІэ кьыпещэ...

Хэдэгъуейт абы кьыкІэлъыкІуа унэтІынныгъэм щыдгъэлъэгъуа дахагъэм. Пшыхь фащэхэр зэкІужу ящыгъуу, псы хуэм ес кьазу, утыку кьиХьэрт хъыджэбзхэр, дзтхэнэми адыгэ тхьапхъэщІыпхъэхэр зыхэт, нобэрей махуэм декІу фащэхэр ящыгът, пасэм адыгэ бзылъхугъэм кьиГъэсэбэпу щыта хьэпшып зырыз яІыгът. «Адыгэ пщащэм и пшыхь фащэ» унэтІынныгъэм нэм щилъагъуэ гур хэзыгъахъуэщ, псэр зыгъэпсэхущ, гушхуэныгъэ кьыпхэзылъхьэщ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъужщ. Сыт нэхъ дахэ адыгэ фащэм нэхърэ? Ар зыщыгъ адыгэ пщащэращ!

Иужьрей утыку кьихьэгъуэм хъуэхъу зырыз жалэн хуейуэ арати, абыи егугъуащ хъыджэбзхэр, хъуэхъур зытеухуа Іуэхугъуэхэр теплъэгъуэу кьагъэльагъуэу. Лъэтеувэм кьыщыІу бзылъхугъэ хъуэхъу дахэри, зи кьуэрылъху кьиша нанэр хьэгъуэлІыгъуэ махуэм зэрыдэжри, нэгъуэщІ куэди дагъэлъэгъуащ, хъуэхъу дахэхэр зэхьыдагъэхащ.

ЖьыпІэнэракъэ, гугъут кьэпщытакіуэхэм я Іуэхур. Апхуэдиз гуакІуагъэрэ Іущагъэр зыгъэльэгъуэ пщащэ нэхэм я нэхъыфІыр зэрызэкІэльыкІуэу кьыхэхьн хуейт. «Адыгэ пщащэ» зэпеуэм и хабзэм кьызэригъэувым тету хъыджэбзхэм увыпІэхэр мыпхуэдэу хуагъэшащ:

«Адыгэ пщащэ-2019» цІэ лъапІэр хуагъэфащащ **Къущхьэ Іэсият** *(Налшык).*

Япэ Адыгэ пщащэ хъуащ **Джэдмыших Даринэ** *(Къундетей).*

ЕтІуанэ Адыгэ пщащэр **Кьуэныкъуей Лианэщ** *(Тохъутэмыщей).*

Ещанэ Адыгэ пщащэщ **Чэт Лианэ** *(Къуэшыркъуей).*

«Пщащэ зэчифІэу» зэпеуэм хихащ **Дзасэжь Лианэ** *(Налшык).*

Зы пщащи кьэнакъым Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Налшык къалэ Щэнхабзэмкіэ и управленэм, «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я ЩІыхь тхьилъхэмрэ сауГъэтхэмрэ зрамыта. Удз гъэгъа Іэрамэхэр, «Черкеска» серием щыщу 2019 гъэм кьыдэкІа тхьилъхэр, ахъшэ сауГъэтхэр пщащэ псоми яритащ зэпеуэм и кьызэгъэпэщакіуэ нэхъыщхьэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм.

КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, Щэнхабзэмкіэ, ЦІыхухэр егъэджэныжкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствищым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Урысейм иц адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием я ЩІыхь тхьилъхэмрэ ахъшэ сауГъэтхэмкіэ ягъэпэжащ увыпІэхэр кьэзыхьахэр.

СауГъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфащэр, дауи, «Адыгэ пщащэ-2019» хъуа **Къущхьэ Іэсиятщ** - ар 2020 гъэм и гъэмахуэм Израилым кІуэнущ! КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министерствэм хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъри зыгъэбыдэ проект купщІафІэ иІэщ. Хамэ кьэрал щыщ адыгэ сабийхэр илъэс кьэс зыгъэпсэхуакіуэ кьеша, зыгуэркІэ кьыхэжаныкІа хэкурыс ныбжьыщІэхэр зыплъыхьакіуэ егъакіуэ. Іэсият и кІэн кьикІащ мы гъэм Израилым кІуэну, Кфар-Камэ, Рихьние щыпсэу адыгэхэрэ абыхэм я щыІэкІэмрэ зригъэлъагъуну.

СауГъэт щхьэхуэхэр пщащэхэм иратащ икІи екъуэхъуащ Кэнжэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Пщынокъуэ Олег**, журналист цІэрыІуэ **Кьуэдей Владимир, Зыхьэ Оксанэ, Щоджэнщыкіу Леонид, Елгъэр Мадинэ, Умых Залинэ, «Жако» Іэфіыкіэ щащІ фабрикэм**, Кэнжэ дэт **«Чистюля» тыкуэным**.

Пшыхьыр яГъэдэхащ уэрэджЫакіуэхэу **Мамий Аслъэн, Вындыжь Аскэр, Ауаз Азэмэт, Тхьэкіумащіэ Аслъэн**, пшынауэхэу **Дэрокъуэ Рами, Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ, «Нал цІыкІу»** ансамблым.

А пщыхьащхьэм утыку ита пщащэхэм хуэхъуахъуэу, ахэр зыгъэхьэзырахэм фІыщІэ хуащІу, зыгъэса адэанэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъаззу, Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэм и унафэщІ Мамий Заретэрэ абы и гупымрэ ирагъэкіуэкіа лэжьыгъэшхуэм папщІэ ехъуэхъуу къэпсэлъащ нэхъыжьыфІхэу Хьэфіыціэ Мухьэмэд, Бакіуу Хьанджэрий, къэпщытакіуэ гупым хэтахэр.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ДифІ догъэлъапІэ

Сыт сщІэми щІэсщІэр хэкуращ

Бэрбэч Аскэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Студент клубэм я «Диалог на равных» проектым хьихь, «Профессия «Творчество» зыфІаща пшыхьым щІалэгъуалэм яІущІэн, и гупсысэхэмкіэ ядэгъэушэн, я упщІэхэм жэуап иритын папщІэ кърагъэблагъат театрымрэ кинормрэ я артист, уэрэд зытх уэрэджЫакіуэ, «Голос» шоу цІэрыІуэм щытекіуа Бэрбэч Аскэр.

ІУЭХУМ и кьалэн нэхъыщхьэр щІыкъу щІэрыІуэхэм я щапхъэмкіэ пхуэзфІэмыкІыж щІэныгъэмрэ ныбжьыщІэхэм егъэлъагъунырщ, укъыщалъхуа щІыпІэ, укъыщыхъуа щыналъэ емыльтауэ, сыт хуэдэ унэтІыныгъэкІи ехъулІэныгъэ зэрызыІэрыбгъэхьэфынур наІуэ кьэщІыныр. ЗэІущІэм и кьызэгъэпэщакіуэхэм я мурадщ хьэрычат, экономикэ, егъэджэныгъэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм, компьютер Іэмалхэм щыпашэ цІыхухэр пшыхьым кьыкІэпхьыкІуэну зэхьыхэхэм я кьрагъэблагъэну, фІыуэ зыхащІыкі Іуэхум и щахуэхэм щІалэгъуалэр, студентхэр щагъэгъуэзэн папщІэ.

Бэрбэч Аскэр и дежкІэ кьэдгъэззэжьнщи, композитор, продюсер Хьэпупэ Анзор и гъусэу пэшыпхуэм кьызэрыщІыхьэу КъБР-м щІыхь зиІэ и артистым Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ, зэман яхухихьу кьаззрыхуеблагъэм зэрыщыгуфЫкІыр кьагъэльагъуэу. ЗэІущІэр кьызэІуахри, Аскэр и гъащІэм, и гуащІэм кьызэхуэсахэр кІэщІу щыгъуазэ ящІащ, езы уэрэджЫаІакіуэми елъэІуащ и сабиигъуэ гукъэкІыжхэмкіэ кьадэгъэшэну. Аскэр тепсэлъыхьащ «Hi-fi» гупым и творчествэм дихьхьыу зэрыщытар, ильэсих ныбжьыр зэрит льандэрэ, Бахъсэн кьалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щыІэ студием и анэм щишам кьыщыщІэдзауэ, уэрэд зэрыжиІэр, абы и лъэныкъуэкІэ и щІэныгъэм хигъахъуэ зэпыту кьызэрекІуэкІыр. 2008 гъэм курыт еджапІэр кьиухри, ар ГИТИС-м и эстрадэ факультетым щІэтІысхьауэ щытащ. А илъэсхэм кьыщыщІэдзауэ Аскэр ехъулІэныгъэ куэд зыІэригъэхьащ, абы кьыщымыувыІэу иджыри лъагапІэщІэ Іэджэ зэриІэнym шэч кьытетхъэркъым.

«Голос»-м ухыхьэну плІэнейрэ ухущІэкъуащ, Аскэр, иужьрейми ухьыхамыхьамэ, Іуэху къэбгъэнэжьнут?» - жаІэу щыщІэупщІэм щІалэр кьэпыгуфІыкІри, жэуап итащ:

- Къэзгъэнэнутэкъым, дапщэрэ сымыкІуами сыхэмыхьауи сыувыІэнутэкъым. Сэ сызэрагъэсар кьыщІэбдза Іуэхур и кІэм нэгъэсын хуейуэщ.

АдэкІэ Бэрбэчыр гъэхуауэ тепсэлъыхьащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакіэм, абы щигъэззщІа уэрэдхэм, и гъэсакІуэхэм кьыхуащІа Іуэху гуапэхэм я щапхъэмкіэ пхуэзфІэмыкІыж щІэныгъэмрэ ныбжьыщІэхэм егъэлъагъунырщ, укъыщалъхуа щІыпІэ, укъыщыхъуа щыналъэ емыльтауэ, сыт хуэдэ унэтІыныгъэкІи ехъулІэныгъэ зэрызыІэрыбгъэхьэфынур наІуэ кьэщІыныр. ЗэІущІэм и кьызэгъэпэщакіуэхэм я мурадщ хьэрычат, экономикэ, егъэджэныгъэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм, компьютер Іэмалхэм щыпашэ цІыхухэр пшыхьым кьыкІэпхьыкІуэну зэхьыхэхэм я кьрагъэблагъэну, фІыуэ зыхащІыкі Іуэхум и щахуэхэм щІалэгъуалэр, студентхэр щагъэгъуэзэн папщІэ.

Бэрбэч Аскэр и дежкІэ кьэдгъэззэжьнщи, композитор, продюсер Хьэпупэ Анзор и гъусэу пэшыпхуэм кьызэрыщІыхьэу КъБР-м щІыхь зиІэ и артистым Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ, зэман яхухихьу кьаззрыхуеблагъэм зэрыщыгуфЫкІыр кьагъэльагъуэу. ЗэІущІэр кьызэІуахри, Аскэр и гъащІэм, и гуащІэм кьызэхуэсахэр кІэщІу щыгъуазэ ящІащ, езы уэрэджЫаІакіуэми елъэІуащ и сабиигъуэ гукъэкІыжхэмкіэ кьадэгъэшэну. Аскэр тепсэлъыхьащ «Hi-fi» гупым и творчествэм дихьхьыу зэрыщытар, ильэсих ныбжьыр зэрит льандэрэ, Бахъсэн кьалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щыІэ студием и анэм щишам кьыщыщІэдзауэ, уэрэд зэрыжиІэр, абы и лъэныкъуэкІэ и щІэныгъэм хигъахъуэ зэпыту кьызэрекІуэкІыр. 2008 гъэм курыт еджапІэр кьиухри, ар ГИТИС-м и эстрадэ факультетым щІэтІысхьауэ щытащ. А илъэсхэм кьыщыщІэдзауэ Аскэр ехъулІэныгъэ куэд зыІэригъэхьащ, абы кьыщымыувыІэу иджыри лъагапІэщІэ Іэджэ зэриІэнym шэч кьытетхъэркъым.

«Голос»-м ухыхьэну плІэнейрэ ухущІэкъуащ, Аскэр, иужьрейми ухьыхамыхьамэ, Іуэху къэбгъэнэжьнут?» - жаІэу щыщІэупщІэм щІалэр кьэпыгуфІыкІри, жэуап итащ:

- Къэзгъэнэнутэкъым, дапщэрэ сымыкІуами сыхэмыхьауи сыувыІэнутэкъым. Сэ сызэрагъэсар

● Бахъсэн щІынальэ

ІэнатІэщІэм и зэфІэкІыр

Бахъсэн щІыналъэм и агропромышленнэ бизнес-инкубаторым лэжьэн щыщІидзащ лабораторнэ къэхутэныгъэхэмкІэ центрым. Ар Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щынэхъ инщ.

АГРОХИМИЕМКІЭ, фитопатологиемкІэ, молекулярнэ биологиемкІэ центрым иІэ кьудамэхэм кьахутэнущ щІым и химическэ зэхэлъыкІэр зыхуэдэр, щІыгъэпщэрхэмрэ псыхэмрэ ябгъэдэль фІагъымрэ кьабзагъэмрэ, хадзэкІхэмрэ пхъащхьэмыщхьэхэмрэ кьайуалІэ узыфэхэр.

Иджырей зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ, программэщІэхэмкІэ кьызэгъэпэща центрым и лабораториемрэ иІэщ дзтхэнэ зы къэпщытэныгъэми кьигъэльагъуэр заншІэу кьуатыжыну Іэмал кьезыт ДНК-амплификатор. Къэхутэныгъэхэм кьадзкІуэу мэкъумэшыщІэхэр зыхуеину чэнджащхэмкІи центрым и щІэныгъэлІэхэр кьадзэІэпыкъунущ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Гъуазджэ

Сурэтыщ1 ныбжьыщ1эхэм я унэт1ак1уэ 70

КЪБР-м Гъуазджэхэмк1э щ1ыхь эи1э и лэжьак1уэ, УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт, Сабий художественнэ школым и унафэщ1 Зэхъуэхъу Валерэ Лиуан и къуэм и ныбжьыр илъэс 70 ирик1уащ.

ЗЭХЪУЭХЪУ Валерэ 1950 гъэм щ1ышылэм и 7-м Шэджэм щ1ималъэм хыхь Нартан къуажэм къыщал1ухуащ. 1972 гъэм Москва дэт полиграфие институтыр к1иухащ, Урысейм и лъэпк1ъ артиадэм и лауреатщ, К1ЪР-м и Музык1э театрымрэ «Эльбрус» тхылъ тедзап1эмрэ я сурэтыщ1 нэхъыщ1хьэу л1ажащ. Валерэ и Iэдакъэ к1ыщ1эк1ащ график1э лэжьыгъэ 200-м нэблагъэ. Апхуэдэу игъэдзахэм ящ1ыщ «Нартхэр» адыгэ Iуэрыл1уатэр, «Ашэмэз и бжьамийр», «Хэт нэхъ ин?» адыгэ ц1ыхубэ таурыхъхэр, ап1э классым щ1ресхэр зэредж «Азбукэ» тхыл1ыр, нэгъуэщ1-хэри.

Зэхъуэхъум и сурэтхэм щ1обл1агъу К1ЪБзэрдей-Балъкъэрым и щ1ыуэпсым и дахагъэр, и бгы уардхэр. Художникым к1ыигъэщ1 образ телъыджэхэм, гукъинэжхэм урагъэгупсыс щ1ыуэпсым ц1ыхум пыщ1эныгъэ бзд зэрыхуи1эмрэ абы щ1ифыщ1 увыип1эмрэ. Зи хъэт1 зи1эж сурэтыщ1ым и л1ажьыгъэхэр нэгъуэщ1хэм ейхэм яхэгъуащ1эркъым. Абыхэм дахагъэм, гуапагъэм, ущ1ал1уа щ1ыналъэр ф1ыуэ пльагъуным ук1ыхураджэ. Валерэ и л1ажьыгъэхэр республикэм, Урысейм и нэгъуэщ1 щ1ынал1ъхэм, хамэ къэралхэм к1ыщ1эзэрагъэпэщ выставкэхэм щагъэл1агъуэ. Абы и Iэдакъэ к1ыщ1эк1а сурэт нэхъыф1хэр хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э и музейм и фондым. Тыркум, Франджым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щ1ыпсэууэ абы и л1ажьыгъэхэм дихьэххэми и сурэт щ1ьэхуэхэр яхьумэ.

2000 гъэм к1ыщ1эщ1эдзауэ Зэхъуэхъур Сабий художественнэ школым и унафэщ1щ. 1965 гъэм Налшык к1ыщ1эуэха а еджап1эм ныбжьыщ1э 300 щ1оджэ. 2007 гъэм «Детские школы искусств - достояние российского государства» урысейпсо зэхьэзэхуэм кърик1уахэр зэхал1ъхьэжа нэужь, Налшык и Сабий художественнэ школыр къэралым и апхуэдэ Iэхуущ1ап1э нэхъыф1хэм ящ1ыщ къал1ытащ. УФ-м Щэнхабзэмк1э и министерствэм 2010 гъэм школым щ1ыхь тхыл1ь къ1ухуиГъэфэщащ, абы и гъэсэнхэр «Я горжусь, что родился в России и я помню заветы отцов» урысейпсо зэпеуэм жыджэру зэрыхэтам папщ1э. К1ыщ1ынэмыщ1аеу, ц1ыкI1уэм я л1ажьыгъэхэр гъэ к1эс выставкэ зэмыл1эужьыгъуэхэм утыку к1ыщ1ахьэ, библиотекэхэм, сабий гъэсап1эхэм, медицинэ Iуэхущ1ап1эхэм щагъэл1агъуэ. Я гъэсэнхэм я Iэдакъэ к1ыщ1эк1ауэ гъэл1эгъуэныгъэхэм утыку к1ыщ1ахьэ дэтхэнэ зы л1ажьыгъэми сабийхэм я дуней еплъык1эр гъуджэм хуэдэу к1ощ, гъащ1эр таурыхъ щ1хъуэжьап1эу зэрал1агъур и лъабжьэу. Егъэджак1уэхэм ныбжьыщ1эхэм я л1ажьыгъэхэм гугъэ ирагъащ1 республикэм и ц1эр жьыжьэ зыгъэ1уну художник ц1эрыпсуэхэр абы-хэм къьхэк1ыну.

Иужьрей ильэсищ1ыр къапщтэмэ, школым и сурэтыщ1 ныбжьыщ1м 176-р художественнэ зэпеуэ зэмыл1эужьыгъэхэм пашэ щ1ыхъуащ. 2015 гъэм школым творческэ зэф1эк1рэ екъуал1эныгъэ инрэ зи1э и еджак1уэ 16 хагъэхьащ «Лучшие в образовании» Дунейпсо Щ1энгъуазэ Иным. Художественнэ школыр къ1эуэ-ха сурэтыщ1-модельер Тlажь Альбинэ «Молодая Российская культура в Италии» еплIанэ дунейпсо фестивалым зэрыхэтам папщ1э къ1ыхуа-гъэфэщащ УФ-м Щэнхабзэмрэ Щ1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и министерствэм и щ1ыхь тхыл1ыр. Iуэхущ1ап1эм и гъэсэн нэхъыф1хэр хэтащ Налшыкрэ Владикавказрэ я художественнэ школхэм я гъэл1эгъуэныгъэхэм, сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э сабийхэм я выставкэу Владимир, Черкесск, Владикавказ, Прохладнэ къал1эхэм щек1уэк1ахэм.

Iуэхущ1ап1эм щ1эх-щ1эхьыурэ щрагъэк1уэк1 сурэтыщ1 ц1эрыпсуэхэм я мастер-классхэр, семинархэр, зэхьэзэхуэхэр. Школыр къ1эзрыз-Iуахрэ зэф1эк1 зи1э сурэтыщ1 ныбжьыщ1э миным щ1игъу къ1ыщ1ан-гъэк1ащ. Абыхэм ящ1ыщ куэд Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Апхуэдэхэщ КЪБР-м и ц1ыхубэ сурэтыщ1 Колкутин Андрей, К1ЪР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правлениэм и унафэщ1 Темыркъан Геннадий, «Теттероде График» (Нидерландды) саугъэтым и лауреат Гащт-Хьан Алим, сурэтыщ1хэу Горлов Михаилрэ Пак Галинэрэ, модельер Тlажь Альбинэ сымэ, нэгъуэщ1хэри. Iуэхущ1ап1эм и гъэсэнхэр Япония, Индие, Македние, Германие къэралыгъуэхэм, Саранск, Санкт-Петербург, Москва, Красноярск, Новосибирск, Псков, Черкесск, Владикавказ къал1эхэм к1ыщ1эзрагъэпэщэ урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреатщ.

Сабий художественнэ школым и егъэджак1уэхэм я жэрдэмк1э к1ыщ1эрагъэпэщащ сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э «Мы дети Кавказа» республикэ зэпеуэ зэ1ухар. Iуэхущ1ап1эм ек1уал1э ц1ыкI1уэхэм я творческэ зэф1эк1хэр к1ыз1ыкъуахьнымк1э, ахэр хъума хъунымк1э, зрагъэужьынымк1э лэжьыгъэшхэр драгъэк1уэк1 школым и егъэджак1уэхэу Ерчэн Евгение, Галимовэ Наиля, Хорошилов Олег, Жыгун ФатIимэ сымэ. Ахэр жьыджэу хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмк1э и фондым, К1ЪР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Сурэтыщ1 гъуазджэхэмк1э и музейм, Лъэпк1ъ музейм я проектхэм. Iуэхущ1ап1эр къ1эуых ныбжьыщ1хэм я щ1эныгъэм щ1ыпащэ Москва, Санкт-Петербург, Дон Iус Ростов, Белгород, Краснодар, Псыхуабэ къал1эхэм гъуазджэмрэ щэнхабзэмк1э щ1ыIэ еджап1э нэхъыщ1хьэхэм. Хамэ къэралхэм зи зэф1эк1ым зыщ1эзыгъэужьыну Iэмал зи1эхэри къ1эхок1. Я гъэсэнхэм я зэхьуп1эныгъэхэм к1уэ пэтми зэрыхэгъахьуэр егъэджак1уэхэм гуапэ ящ1ох1у.

Iуэхущ1ап1эм и гъэсэнхэм я л1ажьыгъэхэр щагъэл1агъуэк1э, ахэр псоми гъэщ1эгъуэн зэращ1ыхьур щ1ыхьат тохъуэ ныбжьыщ1хэм зэф1эк1 ин зэра1эм, еджап1эм ек1уал1э щ1эблэм псэгъэгуфI э-дахагъэ яхэлъу, хэкупсэу к1ыз1эрыхъур я егъэджак1уэхэм зэрафыщ1ым. Ц1ыкI1уэхэм я Iэдакъэ к1ыщ1эк1а сурэтхэм, декоративно-прикладной гъуазджэм и хъэпшыпхэм ущеплък1э умыгъэщ1эгъуэн пльэк1ырк1ым зэрыт ныбжьыми емыл1ытауэ, сабийхэм гъуазджэм и унэт1ыныгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэм - живопись, график1э, скульптурэ, декоративно-прикладной гъуазджэ - зэрыхуэ1эижьыр. Гъуазджэр зи псэм хэпщ1а ц1ыкI1уэхэм я л1ажьыгъэхэм щыиныл1агъыщ щал1ъхуэ щ1ынал1ъэ, абы и щ1ыуэпсыр зыпащ1 зэрыщымыIэр, Iуэрыуатэм хэт л1ыхъужьхэм ф1ыуэ зэрыщ1агъуэр. Ц1ыкI1уэхэм я Iэдакъэ к1ыщ1эк1а, сабиипсэ хуабагъэр гу къабзагък1э гъэнщ1а сурэтхэр телъыджэщ и к1и а л1ажьыгъэхэм ущеплък1э я зэф1эк1ым уагъэгуф1э и к1и уагъэгушхуэ.

Зэхъуэхъу Валерэрэ школым и егъэджак1уэхэмрэ ф1ыщ1э ин яхуэфащэщ сабийхэр сурэтыщ1 гъуазджэм зэрыдрагъэхьэхьм, абы и щхъуэм зэрыхагъэгъуаэзм, я гъэсэнхэм я л1ажьыгъэ щхьэпэхэр хэ1ущ1ыIу зэращ1ым, щ1эблэм я эстетик1э гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэф1 зэрыхуащ1ымрэ республикэм и щэнхабзэ гъащ1эм жьыджэру зэрыхэтымрэ папщ1э.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Урысей Федерацэм футболымк1э и ет1уанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щ1ызэхэт зэхьэзэхуэм гъатхэпэм щ1ыгъэдзэжыну «Спартак-Налшыкым» мы илъэсым и япэ зэныбжьэгъугъэ зэ1уущ1эр иригъэк1уэк1ащ. Ди къалащхьэм и Сабий стадионым абы щ1ихигъэщ1ащ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ» командэр.

Щ1ыШылэм и 20-м къыщ1ыщ1эдзауэ иригъэк1уэк1 зыгъэсэныгъэм и япэ Iыхьэр «Спартак-Налшыкым» мэрем к1уам иухащ. Зэрыхабзэу, ар зэхуащ1ыжащ зэныбжьэгъугъэ зэ1уущ1эк1э. Абы щагъэбелджылащ иджыри къ1эс къайхъуп1ахэмрэ адэк1э зэлэжьыпхъэхэмрэ.

Ди щ1ал1эхэм мы гъэм я1пэу ныкъуэкъуэгъу къахуэхъуа Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р Урысей Федерацэм футболымк1э и ет1уанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къадыхэтщ ик1и очкоитхук1э къащ1ьэщ1ык1уэу ебгъуанэ увып1эм щ1ыту зэхьэзэхуэр зэпагъэуащ. «Спартак-Налшыкыр» турнир таблицэм иджыпстук1э щ1ыепщ1ык1уэанэщ, джэгугъуэ пщ1ык1уийм яужьк1э очко пщ1ык1убгъу зы1эригъэхьуэ.

Блэк1а лъэхъэнэм ди щ1ал1эхэм республикэм и къалащхьэм зыщагъэсащ. Махуэм «Дыгъэпс къал1эм» и стадионым, пщ1ыхь1щхьэм «Спартак» стадионым зыщагъэхьэзыращ. Апхуэдэ мардэм тетащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-ри. Абыхэм я зэныбжьэгъугъэ зэ1уущ1эр нэхъыбэу зыф1эхьэл1эмэтыр я тренерхэрат. Дэтхэнэми Iэмал и1ащ я футболистхэм я нобэрэгъ щ1ытык1эр зригъэл1агъуну, зыхагъэхьэну зык1эл1ъып1ъэр яг1ъуэнэуну. Апхуэдэу щ1ыпэтми, гуапэщ «Спартак-Налшыкыр» мы гъэм и япэ зэ1уущ1эм зэрыщ1ытек1уар. Бжыгъэр 2:1-уэ л1ъэныкъуэхэр зэбгъэдэк1ыжащ.

Зэныбжьэгъугъэ зэ1уущ1эм иужьк1э, загъэпсэхуну ди щ1ал1эхэр махуищк1э зэбграгъэк1ыжащ. Нобэ, мазаем и 4-м, ахэр Нартсанэ (Кисловодск) ежьэнущ, тхьэмахуит1к1э щ1ыIэну. Абы я зыгъэсэныгъэм щ1ыпащэну я мурадщ. Дауи, зэныбжьэгъугъэ зэ1уущ1э зыбжани ирагъэк1уэ-к1ынущ.

«Спартак-Налшыкым» иджыри къэс хэтахэм ядэщ1ыгъуу ет1уанэ зэхуэсыгъуэм здащэнущ К1ЪБзэрдей-Балъкъэрым и футбол школхэм я гъэсэн щ1ал1эщ1э зыбжанэ. Абыхэм Iэмал х1ъарынэ я1пэ-тынущ ди командэм и тренерхэм гу зыпльагъэтэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ТекIуэныгъэкIэ ирагъажьэ

● Футбол

● Грэпплинг

Медаль 60-м щIигъу зыIэрагъэхьэ

Налшык къалэм дэт Универсальнэ спорт комплексым щек1уэк1ащ грэпплингымк1э урысейпсо мастер зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щ1ыналъэхэм я къик1а спортсмен 170-рэ. Я ныбжь елъытауэ ахэр гупищу гуэшауэ щ1ытащ: илъэс 14 - 15, 16 - 17, 20-м щ1игъуэр.

КЪЭРАЛПСО мастер зэхьэзэхуэр къ1ыщ1эзэуахым хэтащ Урысейм грэпплингымк1э и федерацэм и президент Бочкаев Ризван, К1ЪР-м спортымк1э и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щ1ынал1ъэм Грэпплингымк1э и федерацэм и президент Албастов Магомед, Олимп Джэгухэм бэнэк1э хуитымк1э дыжьын медаль къ1ыщ1эзыхьа Джэду Iэниуар, грэпплингымк1э я1пэ дунейпсо чемпион Багъ Алий сымэ.

Хьэщ1эхэм къ1ыхагъэщащ зэхьэзэхуэр сыт и л1ъэныкъуэк1и гъэнщ1агъэ зэрек1уэк1ар ик1и ф1ыщ1э хуащ1ащ ар къ1ыз3эыгъэпэща, К1ЪР-м Грэпплингымк1э и федерацэмрэ Спортымк1э министерствэмрэ.

Я1пэ увып1эр къ3эыхьахэм ахъшэ саугъэту сом мин пщ1ырыпщ1 иратащ. К1ыыхэмык1ахэм кубокхэр, медалхэр, щ1ыхь тхыл1ьхэр хуагъэфэщащ.

Ди республикэм и спортсменхэм зэхьэзэхуэм зэф1эк1 л1ьагъ к1ыщ1агъэл1эгъуащ ик1и псори зэхэту медаль 61-рэ зы1эрагъэхьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Бэнэк1э хуит

Нэхъ лъэщхэм я зэхыхьэ

Красноярск щек1уэк1ащ «Иван Ярыгин-2020» бэнэк1э хуитымк1э Гран-При серием и XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал 13-м ик1а, бэнэк1э хуитымрэ ц1ыхубэ бэнэк1эмрэ хэт спортсмен 360-м щ1игъу.

ЗИ ХЬЭЛАГЪЫР килограмм 92-м нэблагъэхэм я зэпэщ1эт1ныгъэм и финал нык1ъуэ зэ1ущ1эм ди лъэпк1ъэгъу Урыш Анзор щ1ыпэл1ащк1ъым къэралым и иджырей чемпион, Дагъыстэным щ1ыщ Жабраилов Алихьан. Иужьк1э, «финал ц1ык1ум» ди щ1ал1эр 4:2-уэ щ1ытек1уащ къ3зах бэнак1э Байгенжеев Абдиманап ик1и пщ1эшхэ зи1э зэхьэзэхуэм домбеякъ медалыр къ1ыщ1ихьащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Адэ-анэхэм псалъэмакъ щхьэпэ драгъэк1уэк1

● Егъэджэныгъэ

КЪБР-м Ц1ыхухэр егъэджэныкI э, щ1эныгъэмрэ щ1ал1агъуалэм я Iуэхухэмк1э и министерствэм и лэжьак1уэхэм, апхуэдэу щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэту ди республикэм и ныбжьыщ1эхэм я л1ыкI1уэхэм Тэрч щ1ынал1ъэм ит курыт школхэр къэзыуэхэм къапэщылъ къэпщ1этэныгъэм теухуа псалъэмакъ адэ-анэхэм драгъэк1уэк1ащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КЪБР-м ц1ыхухэр егъэджэныкI э, щ1эныгъэмрэ щ1ал1агъуалэм я Iуэхухэмк1э и министерствэм школак1уэхэм яб гъэдэлъ щ1эныгъэр къ3хутэныкI э и секторым и унафэщ1 Дыщэк1 Оксанэ, Тэрч щ1ынал1ъэ администрацэм щ1эныгъэмк1э и управленэм и унафэщ1 Вэрий Маринэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетхэм я л1ыкI1уэхэр, курыт еджап1эхэм я унафэщ1хэр, нэгъуэщ1хэри.

9-нэ, 11-нэ классхэр къ3зыухэм я адэ-анэхэм драгъэк1уэк1а псалъэмакъым хэта I эщ1агъэл1эхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащ1ащ къэпщ1этэныгъэхэр щек1уэк1ащ зытетыпхъэ хабзэхэм. Псом хуэмыдэу жьыпI телефонхэр пэщхэм здыщ1ахьэ, къагъэсэбэп зэрымыхъунур, апхуэдэу т1ысып1эхэмк1э, жэуап-хэмк1э зэрыжажэу зэрамыдэнур к1ыхъагъэщащ. «Сабийр экзаменым зэрытхэну ручкэрэ паспортымрэ ф1эк1а имыбыгъыу щ1ыхьэн хуейщ», - жиIащ Дыщэк1 Оксанэ.

Къэпщ1этэныгъэхэм я п1алъхэр, мазаем и 1-м и пэ къ1ыхуэу еджак1уэхэр адэк1э зыхуеджэну унэтIыныгъэм ебэл1аУэ ятыну экзаменхэр къ1ыхахыу л1ыIу тхыл1ьхэр ирагъэхьын зэрыхуейри ягу къагъэк1ыжащ. Щ1ьхэуэу и гугъу ящ1ащ зи узыншагъэм дагъуэ и1э сабийхэм зыуэ щ1ыт къэрал экзаменхэр зэратыну щ1ык1эхэм.

КъБК1уэ-мрэ КъБК1ъМУ-мрэ къ1ыкIа I эщ1агъэл1эхэм къ3зыхуэсахэр щагъэзгъуэзащ еджап1э нэхъыщ1хьэхэм я къудамэхэм, абыхэм ущ1этI ысхьэн папщ1э птын хуей экзаменхэм, бюджет мы1ъкук1э яхуегъэджэнуэ зыхуэдизым.

Къ3ыхэгъэщ1ыпхъэщ мыпхуэдэ зэ1ущ1эхэр адрей щ1ынал1ъэхэми зэрыщ1агъэк1уэк1ыр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Iуэху щхьэпэ

«Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ»

Апхуэдэ ф1эщ1ыгъэ и1эу Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ублащ К1ЪР-м щ1ы1э МВД-м къ3эригъэпэща л1ажьыгъэр. Ар Iыхьит1у ек1уэк1ынущ: щ1ыш1ылэм и 27-м къ3щ1ыщ1эдзауэ нак1ыгъэм и 15 щ1ондэ, фок1адэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 15-м нэсыху.

АПХУЭДЭУИ Iуэхум хэтщ Урысей ФСИН-м и Iуэхущ1ап1эу К1ЪР-м щ1ы1эр, республикэм Егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1ал1агъуалэм я Iуэхухэмк1э, Узыншагъэмк1э, Щэнхабзэмк1э, Гражданр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэл1ажьэныкIэ л1ъэпк1 Iуэхухэмк1э и министерствэхэр.

КЪБР-м щ1ы1э МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэк1уэк1ым к1ал1ап1ъэныкIэ и управленэм (УНК) иджыблагъэ щ1ызэхэтащ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщ1э» акцэм хьихьэу ирагъэк1уэк1ыну Iуэхухэр зи нэ1э щ1этыну гупым и з1ущ1э.

Зэхаубла Iуэхур зыхуэунэт1ар ныбжьыщ1эхэмрэ щ1ал1агъуалэмрэ наркотикым пэ1ащ1э щ1ыныр, наркотикым ейм уэзрыхуишэнур къ1агурыI эуным адэанэхэр, егъэджак1уэхэмрэ жылагъуэмрэ к1ыхэшэныруц, балигъ мыхъуэхэмрэ щ1ал1агъуалэмрэ гъащ1э узыншэм хуэущ1иныырщ.

К1ыззгъэпэщак1уэхэм я мурадщ лекцэхэр, семинархэр, форумхэр, псалъэмакъ щхьэпэхэр, ст1ол хъурейхэр, узыншагъэм и дерсхэр, зэпеуэхэр, теплъэгъуэхэр, гъэл1агъуэныгъэхэр, нэгъуэщ1 Iуэху зэмыл1эужьыгъуэхэр егъэап1эжэм, сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ щрагъэк1уэк1ыну, ныбжьыщ1эхэр, абыхэм я адэ-анэхэмрэ егъэджак1уэхэмрэ к1ыхьащэу.

Iуэхур щрагъэк1уэк1к1э къапщ1тэнущ дитехэхэр, тыкуэнхэр, балигъ мыхъуэхэмрэ щ1ал1агъуалэмрэ я зэхуэсып1эхэр, республикэм и нэгуэгъуэжьып1э Iуэхущ1ап1эхэр, наркотикхэк1эхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зыщ1эхэмрэ зэзыхьэл1эхэмрэ к1ыщ1агъэщ1ын папщ1э.

КЪБР-м щ1ы1э МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэк1уэк1ым к1ал1ап1ъэныкIэ и управленэм фигу къегъэк1ыж рес республикэм «линэ пщтыр» телефонхэр зэрыщ1алажьэр ик1и жэщмахуэ имыIэу фыпсалъэу наркотикхэк1эхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ зэращэм фыщ1агъуазэмэ, апхуэдэуи ахэр щрагъэк1ыщ1ап1эхэм, зыщэхэм ятеухуа хъыбархэр зэрыхэнур. Полицэм фыпсалъэ хъунущ **02 е 102**, К1ЪР-м щ1ы1э МВД-м и Пл1ыр частым: **(8662) 40-49-10** е дзыхь зрагъэз **(8662) 49-50-62** телефонхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэк1эмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашнокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иззэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр К1ЪР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республик, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпк1ъ Iуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлжьэныкI э - 42-60-53; узышшагъэр хъуэмэнмрэ экологиемк1э - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 40-15-31; хъыбарыщ1эхэмк1э - 42-22-88; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къ1ыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къ1ыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епл1ык1эр зэтехуэ зэпыту щ1ытк1ым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэл1ыц К1ЪР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынал1ъэ Iуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.

«Тетраграф» ООО-м щ1ытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жьэк1эмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1оджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1оджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзIэныкъуэхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ,** *Компьютерк1э газетым и теплъэр ящ1ащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щ1ытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894●Тираж 2107●Заказ №81